ТЫЗЭКЪОТМЭ – ТЫЛЪЭШ!

# Адыгэ макъ

Голос адыга

1923-рэ илъэсым гъэтхапэм къыщегъэжьагъэу къыдэкIы

№ 137 (20900)

2015-рэ илъэс

БЭРЭСКЭЖЪЫЙ БЭДЗЭОГЪУМ и 29-рэ

къыхэтиутыгъэхэр шкIи нэмыкI къэбархэр тисайт ижъугъотэщтых

WWW.ADYGVOICE.RU

Адыгэ Республикэм и Правительствэ игъэзет

## Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ и Указ

**М.А. Лактионовамрэ А.А. ХьапакIэмрэ щытхъуцIэу «Адыгэ Республикэм изаслуженнэ юрист» зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэным ехьылIагъ**

Хабзэм игъэпытэнкIэ гъэхъагъэхэр зэряIэхэм фэшI щытхъуцIэу **«Адыгэ Республикэм изаслуженнэ юрист»** зыфиIорэр афэгъэшъошэгъэнэу:

**Лактионова Маринэ Анатолий ыпхъум** — Урысые Федерацием и Следственнэ комитет Адыгэ РеспубликэмкIэ иследственнэ гъэIорышIапIэ ипащэ кадрэхэмкIэ иIэпыIэгъу шъхьаIэ;

**ХьапэкIэ Альбинэ Александр ыпхъум** — Урысые Федерацием и Следственнэ комитет Адыгэ РеспубликэмкIэ иследственнэ гъэIорышIапIэ иотдел ипащэ.

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
бэдзэогъум и 27-рэ,
2015-рэ илъэс
N 113

# ИшIушIагъэхэм япэсыгъэ шIэжь





**ЗэлъашIэрэ апэрэ адыгэ сатыушIэу, шIушIэным пылъыгъэу, я XIX-рэ лIэшIэгъум ыкIэм — я XX-рэм икъежьэгъум къалэу Екатеринодар зиIо пхырыкIэу, анахь лъэкI зиIэ цIыфхэу дэсыгъэхэм ащыщэу Трэхъо Лыу ишIэжь фэгъэхьыгъэ мыжъобгъу къалэу Краснодар тыгъуасэ къыщызэIуахыгъ. Ащ фэгъэхьыгъэ зэхахьэм хэлэжьагъэх Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан, Краснодар краим игубернатор иIэнатIэ пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ зыгъэцэкIэрэ Вениамин Кондратьевыр.**

Джащ фэдэу мыжъобгъум икъызэIухын фэгъэхьыгъэ зэхахьэм къекIолIагъэх АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Владимир Нарожнэр, Краснодар краим и Хэбзэгъэуцу ЗэIукIэ и Тхьаматэу Владимир Бекетовыр, АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, Адыгеимрэ Краснодар краимрэ яфедеральнэ ыкIи шъолъыр хэбзэ къулыкъухэм яIыкIохэр, депутатхэр, шIэныгъэлэжьхэр, общественнэ IофышIэхэр.

КъекIолIагъэхэм закъыфигъэзэзэ ТхьакIущынэ Аслъан игущыIэ къыщыхигъэщыгъ республикэм итарихъ хэхьэгъэ цIыфхэм яшIэжь гъэлъэпIэгъэным тегъэпсыхьагъэ IофшIэным мэхьэнэ ин зэриIэр.

— *Сыд фэдэрэ лъэпкъи иI цIыфхэу лъэуж дахэ къэзыгъэнагъэхэр. Непэ ащ фэдэ цIыфхэм ащыщэу зэлъашIэрэ тичIыгогъоу Трэхъо Лыу мыжъобгъу къыфызэIутхы. Ащ ищыIэныгъэрэ шIушIагъэу иIэхэмрэ нэмыкI пстэоу шIумрэ дэхэIуагъэмрэ зыгъэбагъо зышIоигъохэмкIэ щысэтехыпIэх,* — къыIуагъ ТхьакIущынэ Аслъан.

Джащ фэдэу шIуфэс гущыIэкIэ зэхахьэм къекIолIагъэхэм закъыфагъэзагъ Краснодар краим игубернатор иIэнатIэ пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ зыгъэцэкIэрэ Вениамин Кондратьевым, Краснодар имэрэу Владимир Евлановым, Краснодар и Къэлэ Думэ итхьаматэу Вера Галушко, АР-м и Апшъэрэ хьыкум и Тхьаматэу Трэхъо Аслъан, Пшызэ шъолъыр косконавтикэмкIэ и Федерацие ипрезидентэу Трэхъо Энвер.

Зэхахьэм къекIолIэгъэ пстэуми къыхагъэщыгъ Трэхъо Лыу зыщыпсэугъэ лъэхъаным гупыкIэу цIыфхэм афишIыгъэр зэрэбэр. Ичылэ, зыщыпсэугъэ къалэу Екатеринодар, ар зыхахьэщтыгъэ шъолъырым яхэхъоныгъэ, сабыйхэм гъэсэныгъэ ягъэгъотыгъэным, цIыфхэм IофшIапIэхэр къафызэIухыгъэнхэм, дин дэлэжьапIэхэм ягъэпсын зэшIуихыгъэхэм ащыщых.

Лыу Псыхъоу Пшызэ лъэмыдж тыраригъэлъхьагъ. Дубинкэмрэпсыхьомиадырабгъущыпсэурэкъуаджэхэмрэ ащ зэрипхыгъэх. Кьутырэу Яблоновскэмрэ Новый Садрэ псыкIопIитIурэ дамбэрэ ащигъэпсыгъэх, имылъкукIэ Екатеринодар хьакIэщ, унэ тегъэпсыхьагъэхэр, хьамам, гъот зимылэ сабыйхэм апае шъхьэегъэзыпIэ ащаригъэшIыгъэх. Мыхэр зэшIуихыгъэ пстэумэ яIахь макI.

Трэхъо Лыу ишIэжь агъэлъапIэу къызщыхъугъэ къуаджэу Щынджые иурам ыцIэ фаусыгъ, икIыгъэ илъэсым игъатхэ шIэжь саугъэт къыщызэIуахыгъ.

Краснодар аужырэ илъэсипшIхэм къыщыдагъэкIыгъэ энциклопедие, Пшызэ шъолъыр тарихъэу пылъыр къизыIотыкIырэ тхылъ пэпчъ Трэхъо Лыу ыцIэ адэт. Лыу аригъэшIыгъэгъэ ыкIи зыщыпсэущтыгъэ унэми ишIэжь мыжъобгъу джы тетыщт.

*Сурэтхэр А. Гусевым тырихыгъэх.*

# ЩыкIагъэхэр нахь къыхигъэщыгъэх

**АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат тыгъуасэ иIофшIэгъу мафэ унэ зэтетэу Мыекъуапэ щагъэуцухэрэм ащыщ щыригъэжьагъ. Фэтэри 153-рэ хъоу ар кьутырэу Гавердовскэм ылъэныкъокIэ къэлэ дэкIыгъом къыщашIы.**

КIэлэцIыкIу ибэхэм псэупIэхэр ягъэгъотыгъэнхэм фытегъэпсыхьэгъэ программэм къыдыхэлъытагъэу мы унэм щыщ фэтэр 81-р ибэу къэнагъэхэм апае Мыекъопэ къэлэ администрацием ыщэфынэу ыгъэнэфагъэу щыт. Ары ПравительствэмипащэащкIоным лъэпсэ шъхьаIэу фэхъугъэр.

КъумпIыл Муратэ псэолъэшIын Iофхэр зынагъэсыгъэхэр зэригъэлъэгъугъ, инфраструктурэр зэрагъэпсыщтым, нэмыкI пшъэрылъэу яIэхэр зэрэлъагъэкIотэщтхэм зэдатегущыIагъэх. Унэр лъэхъаным къызыдихьыгъэ шIыкIакIэхэм атетэу охътэ кIэкIым агъэуцухэрэм афэд, мы илъэсым икъихьагъур ары зырагъэжьагъэр. Псэолъэшl организациеу зыгъэуцурэм ипащэ къызэриIуагъэмкIэ, мы илъэсым ыкIэм, тыгъэгъазэ мазэм, аухынэу гухэлъ яI. Унэм иинфраструктурэ къалэр ары зыгъэпсынэу зыфэгъэзагъэр. Ащ епхыгъэ IофхэрарыПремьер-министрэм анахьэу ынаIэ зытырагъэдзагъэхэр. Сэкъатныгъэ зиIэу, зекIонэр къин къызыфэхъухэрэм ящыкIэгъэ пстэури къыдалъытэнэу къафигъэпытагъ.

— Мыщ фэдэу ягъэуцункIэ охътабэ зытемыкIодэрэ унэхэм яшIын республикэм зыщедгъэушъомбгъумэ нахьышIу зэрэхъущтыр уахътэм къыгъэлъэгъуагъ, — ыIуагъ ащ унэ нykъошIыр къызеплъыхьэм ыуж. — КIэлэцIыкIу ибэу псэупIэ зэдгъэгъотын фаеу республикэм нэбгырэ 435-рэ ис. АР-м и ЛIышъхьэ сабый ибэхэм афытегъэпсыхьэгъэ программэм къыдилъытэрэр игъом ыкIи икъоу гъэцэкIагъэ зэрэхъущтым ынаIэ тет. БлэкIыгъэ илъэсым ащ пэIухьан фэе ахъщэм щыщэу сомэ миллиони 100-р гъэфедагъэ зэрэмыхъугъэм фэшI унэшъо гъэнэфагъэхэр къытфишIыгъэх. Арышъ, мы унэм фэдэхэр тапэкIи дгъэуцухэмэ, яшIуагъэ къызэрэкIощтым Io хэлъэп.

*(ИкIэух я 2-рэ нэкIубгъом ит).*

# ЩыкIагъэхэр нахь къыхигъэщыгъэх

*(ИкIэух).*

Мыекъопэ къэлэ администрацием ипащэу Александр Наролиным къызэриIуагъэмкIэ, кIэлэцIыкIу ибэу псэупIэхэр зэрагъэгъотынхэ фаехэр зэкIэмкIи нэбгыри 170-рэ зэрэхъухэрэр. Ащ пэIуагъэхьанэу федеральнэ ыкIи республикэ бюджетхэм къахэхыгъэу сомэ миллион 70-рэ мы илъэсым къалэм къыфэкIуагъ. Ары мы унэм щыщ фэтэр 81-р зэращэфыщтыр.

Унэу ашIырэм зыщэIэм ыуж КъумпIыл Муратэ мы Iофыгъом фэгъэхьыгъэ зэхэсыгъуи зэхищэгъагъ. КIэлэцIыкIу ибэхэм псэупIэхэр ягъэгъотыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ программэм къыдилъытэхэрэр ащ фэгъэзагъэхэм зэрагъэцакIэхэрэм ар ыгъэразэрэп. БлэкIыгъэ илъэсми пшъэрылъхэр зэрамыгъэцэкIагъэхэм ыпкъ къикIыкIэ, сомэ миллиони 100-р зищыкIагъэм пэIумыгъэхьагъэу къэнэгъагъ. Мы илъэсми игъом зэшIохыгъэ хъугъэхэп. Премьер-министрэм ащ фэгъэзагъэхэм унашъохэр афишIыгъэх, пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр афигъэуцугъэх. Республикэм ыкIи ащ икъэлэ шъхьаIэ ягъогухэм ягъэцэкIэжьыни зэхэсыгъом щытегущыIагъэх. Мы лъэныкъомкIи Правительствэм ипащэ щыкIэгъабэ къыхигъэщыгъ. ЗэкIэмкIи зы миллиард мы илъэсым республикэ гъогухэм апэIуагъэхьанэу бюджетым къыдыхэлъытагъ. Ащ щыщэу сомэ миллион 240-кIэ агъэцэкIэжьынхэ фаеу щыт. Республикэм икъэлэ шъхьаIэ пштэмэ, сомэ миллиони 150-рэ гъогухэм апэIугъэхьанэу къыфэкIуагъ. Непэ джыри IофшIэнхэр рагъэжьагъэхэп. Ары анахьэу Правительствэм ипащэ зымыгъэразэу къыхигъэщыгъэр. Министерствэу ащ фэгъэзагъэми, къэлэ администрациеми унашъохэр къафишIыгъэх. Джащ фэдэу къалэм игъогухэр зэрагъэцэкIэжьыхэрэм имызакъоу, асфальт зытемылъхэр джыри бэу зэриIэхэр къыдалъытэнэу, а лъэныкъомкIи нахь чанэу Iоф ашIэнэу къафигъэпытагъ.

— Мыгъэ Iофхэр гужъуагъэ зэрэхъугъэхэм фэдэ къыхэмыкIыжьыным фэшI, къыхьащт илъэсымкIэ пшъэрылъхэр жъугъэнэфэн, Iоф зэрэшъушIэщтыр ишъухъухьан фае, — къыIуагъ ащ пхъашэу. — Уахътэр къышъуажэрэп, ом изытет зызэрехъокIы, о узщыфаем гъогухэм ящыкIагъэр япшIылIэн плъэкIыщтэп. Ахъщэр бюджетым къыдыхэлъытагъ, пшъэрылъхэр гъэнэфэгъахэх, зыпарэми шъукъыгъэуцужьынэу щытэпышъ, Iофхэр къэжъугъэпсынкIэх.

Къалэм иурамхэм видеокамерэхэр зэращагъэуцухэрэмкIи мышIагъэхэр къыхигъэщыгъэх, ащ ипащэхэм унашъохэр афишIыгъэх.

**ХЪУТ Нэфсэт.**

# ЯIофшIэн осэшIу фашIыгъ

**ХэбзэухъумэкIо къулыкъухэмрэ правительственнэу щымыт организациехэм яхьыкумышIхэмрэ зэпхыныгъэ зэдыряIэу Iоф зэрэзэдашIэрэм ехьылIэгъэ Iофыгъохэм защытегущыIэгъэхэ зэхэсыгъо зэхащэгъагъ.**

Бэдзэогъум и 14-м къыщегъэжьагъэу и 17-м нэс гражданское обществэм хэхъоныгъэ ышIыным ыкIи цIыфхэм яфитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэм фэгъэзэгъэ Советэу Урысые Федерацием и Президент дэжь щызэхащагъэм Адыгэ Республикэм дэкIыгъо зэхэсыгъо щыриIагъ.

IофтхьабзэмхахьэуАдыгэ Республикэм къеблэгъагъэх Советым хэтхэу бзэджэшIэ купхэм ыкIи ахъщэ къолъхьэ тынIыхыным апэшIуекIогъэнымкIэ «Антимафия» зыфиIорэ шъолъыр общественнэ фондым и Президентэу Е. Мысловскэр, шъолъыр общественнэ организациеу «Независимый экспертно-правовой совет» зыфиIорэм иправление ипащэу М. Поляковар, Новосибирскэ ыкIи Саратовскэ хэку хьыкумышIхэм япащэхэу Р. Шатовкинамрэ В. Тарасовымрэ, нэмыкIхэри. Джащ фэдэу зэхэсыгъом хэлэжьагъэх Адыгэ Республикэм ипредпринимательхэм яфитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэмкIэ Уполномоченнэу В. Зэфэсыр, АР-м и Хьыкум департамент и ГъэIорышIапIэ ипащэу Ю. Хьакъуир, АР-м и Апшъэрэ хьыкум ыкIи Мыекъопэ къэлэ хьыкумым яхьыкумышIхэр.

Зэхэсыгъор зэрищагъ АР-м и Апшъэрэ хьыкум и Тхьаматэу Трэхъо Аслъан. Республикэ правосудием икультурэ, хьыкум зэхэфынхэм ахэлажьэхэрэм ыкIи приемым къэкIорэ цIыфхэм фыщытыкIэ дэгъу афыряIэу Iоф зэрадашIэрэр А. Трахъом хьакIэхэм къафиIотагъ. Джащ фэдэу хьыкумышIхэм зэхафырэ Iофхэм шъыпкъэныгъэ хэлъэу къызэряхьылIэхэрэр, икъу фэдизэу къэбар лъапсэр зэрэзэхафырэр Тхьаматэм къыIуагъ.

Iофтхьабзэм хэлэжьагъэхэр хьыкум реформэм изэфэхьысыжьхэм, хэбзэгъэуцугъэу щыIэм зэхъокIыныгъэу фэхъугъэхэм, следственнэ хьыкумышIхэм яинститут икъызэIухын ыкIи Урысыем иприсяжнэ хьыкумышIхэм яIофшIэн зэхъокIыныгъэу афэхъугъэхэм атегущыIагъэх. Анахьэу анаIэ зытырагъэтыгъэр правительственнэу щымыт организациехэм яхьыкумышIхэм къэбар жъугъэм иамалхэм ыкIи юрист ныбжьыкIэхэм зэпхыныгъэ адыряIэу Iоф зэрадашIэрэр ары.

Советым хэтхэм Урысые Федерацием и Президент дэжь щызэхащэгъэ комиссием Iофэу ышIэрэр ыкIи ащ ипшъэрылъ хахьэу анахьэу анаIэ зытырагъэтырэ лъэныкъохэр республикэм ихьыкумышI сообществэ къыфаIотагъэх.

Советыр упчIэжьэгъу къулыкъоу щыт, арышъ, IэнатIэ зыIыгъ цIыфхэм зэраIукIэхэрэм имызакъоу, процессуальнэ фитыныгъэхэр зэраукъохэрэм, хьапс атыралъхьэ зыхъукIэ хэукъоныгъэу ашIыхэрэм, апелляционнэ инстанцием иIофшIэн алъэныкъокIэ дао зиIэ цIыфхэри рагъэблагъэх. Советым хэтхэм къызэраIуагъэмкIэ, Адыгэ Республикэм ихьыкумышIхэм алъэныкъокIэ непэрэ мафэм ехъулIэу дэо тхылъ зыпари Советым къыIэкIэхьагъэп.

Шъыпкъагъэ хэлъэу анахьэу анаIэ зытырагъэтын фэе лъэныкъохэм ягъэнэфэн экспертнэ гупчэм, лъэныкъо зэфэшъхьафхэм яспециалистхэр Советым къыхегъэлажьэх. ХьыкумышIхэм, очылхэм ыкIи прокурорхэм ушэтын уплъэкIунхэр афызэхещэх. Советым хэтхэм зэралъытэрэмкIэ, системэм щыкIагъэу иIэхэр къыхэгъэщыгъэнхэмкIэ, юридическэ практикэм пэшIуекIорэ шIыкIэр дэгъэзыжьыгъэнымкIэ мыщ фэдэ уплъэкIунхэм яшIогъэшхо къэкIо.

Хьыкум системэм иIофшIэн епхыгъэу пшъэрылъ шъхьаIэхэм язэшIохынкIэ, граждан обществэм хэхъоныгъэ ышIыным ыкIи цIыфхэм яфитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэм афэгъэзэгъэ Советэу Урысые Федерацием и Президент дэжь щызэхащагъэм УФ-м ихьыкумышIхэм я Совет ыкIи общественнэ Iофыгъохэмкiэ зэхащэгъэ комиссием зэпхыныгъэ дэгъу дыряIэу Iоф зэдашIэ.

Советым хэтхэм къызэрэхагъэщыгъэмкIэ, непэрэ мафэм ехъулIэу республикэм ихьыкумхэм цIыфхэм, джащ фэдэу сэкъатныгъэ зиIэхэм ящыкIэгъэ IэпыIэгъур арагъэгъотынымкIэ амал дэгъухэр аIэкIэлъых. Республикэм ихьыкум ыкIи изэгъэшIужь хьыкум участкэ пэпчъ хьыкум актхэм ыкIи зэхафыгъэ Iофыгъохэм афэгъэхьыгъэ къэбарыр Интернет-сайтым рагъахьэ. Республикэ хьыкумым исайт ихьэхэрэм япчъагъэ хэхъо зэпыт. ГущыIэм пае, 2015-рэ илъэсым иапэрэ илъэсныкъоу пыкIыгъэм сайтым нэбгырэ мин 20-м ехъу ихьагъэу агъэунэфыгъ.

Илъэсныкъоу блэкIыгъэм хьыкум зэхэсыгъохэм «аудиопротоколирование» зыфиIорэ шIыкIэр ащагъэфедэным мэхьанэшхо ратыгъ. АщкIэ агъэфедэщт пкъыгъохэр къэлэ ыкIи район хьыкумхэм ачIагъэуцуагъэх, Iоф арызышIэщт секретархэри рагъэджагъэх.

ЦIыфхэм правовой шIэныгъэу яIэм хэгъэхъогъэнымкIэ (ахэм ахэхьэ ныбжьыкIэхэри) хьыкумышIхэм Iофышхо зэшIуахы: цIыфым ифитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэмкIэ ыкIи хабзэр амыукъонымкIэ егъэджэн хьыкум процессхэр, экскурсиехэр, гурыт еджапIэхэм правэмкIэ урокхэр, Iэнэ хъураехэр, конференциехэр ыкIи зэнэкъокъухэр афызэхащэх. МыщкIэ анахьэу анаIэ зытырагъэтыгъэхэм ащыщ цIыфым ифитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэр анахь шъхьаIэу юрист сэнэхьат зэзыгъэгъотырэ ныбжьыкIэхэм зэрамылъытэрэр. Арышъ, пIуныгъэ Iофым ылъэныкъокIэ ныбжьыкIэхэм Конституцием, хабзэм шъхьэкIафэ фашIэу, цIыфым ифитыныгъэхэр зэрищыкIагъэм фэдэу къаухъумэхэу гъэсэгъэнхэм лъэшэу анаIэ тырагъэтын фае.

ГумэкIыгъоу щыIэхэр шIуагъэ къытэу зэрэзэшIопхыщтхэр ыкIи ахэр къэмыгъэхъугъэнхэмкIэ шIэгъэн фаеу зэхэсыгъом хэлэжьагъэхэм къыхагъэщыгъэр къэралыгъо хьыкумхэм, хьыкум ыкIи хэбзэухъумэкIо системэм, лъэпкъ программэм илъэгапIэ нэсэу обществэм зэпхыныгъэ дыряIэу Iоф зэдашIэгъэныр ары. Iофтхьабзэм хэлэжьагъэхэм къызэраIуагъэмкIэ, шъолъырхэм мыщ фэдэ зэдэгущыIэгъу площадкэхэр ащыгъэпсыгъэнхэр непэрэ граждан правовой обществэм къыдыхэлъытагъэу щыт.

Советым хэтхэм ыкIи ахэм ягъусагъэхэм АР-м и Апшъэрэ хьыкум ыкIи къэлэ хьыкумым яхьыкумышIхэм зэIукIэгъоу адыряIагъэм ыгъэрэзагъэх ыкIи ахэм Iоф зэрашIэрэм осэшIу фашIыгъ.

**КIАРЭ Фатим.**

# АщафагъэцэкIэрэ фэIо-фашIэхэм ахэхъуагъ

**Урысые Федерацием ПенсиехэмкIэ ифонд и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэм цIыфхэм къэралыгъо фэIо-фашIэхэр псынкIэу ыкIи зэпэшыгъэ иIэу афэгъэцэкIэгъэнхэм хэушъхьафыкIыгъэу анаIэ щытырагъэты. А IофшIэныр лъэныкъо зэфэшъхьафыбэмкIэ икIэу зэхэщагъэ.**

АпэрэмкIэ, ПенсиехэмкIэ фондым ичIыпIэ къулыкъухэу республикэм итхэм цIыфхэр зыщырагъэблэгъэхэрэ клиент къулыкъухэу дэгъоу зэтегъэпсыхьагъэхэр ащызэхэщагъэх, мобильнэ клиент къулыкъум, «линие плъыжьым» ителефонхэм Iоф ашIэ, ИнтернетымкIэ икIыхэзэ къэралыгъо фэIо-фашIэхэр афэгъэцэкIэгъэнхэмкIэ амалэу щыIэхэр ренэу нахьышIу ашIых, джащ фэдэу ПенсиехэмкIэ фондым МФЦ-хэмкIэ икIыхэзэ афигъэцэкIэрэ фэIо-фашIэхэр нахьыбэ мэхъух.

МФЦ-р зилIэужыгъор зымышIэхэрэм ятэIо зыщыпсэухэрэ чIыпIэм «зы шъхьаныгъупчъэ» шIыкIэм тетэу фэIофашIэхэр цIыфхэм ащафагъэцэкIэгъэнхэ гухэлъым фэшI ар Адыгэ Республикэм IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ зэхищэгъэ организациеу зэрэщытыр. Ар зэхащэ зэхъум къыдалъытагъ цIыфыр мы организацием зеуалIэкIэ, зэкIогъукIэ фэIо-фэшIэ заулэ щыфагъэцэкIэн алъэкIынэу зэрэщытыщтыр. Мыщ дэжьым ищыкIэгъэ къэбархэм МФЦ-р ежь-ежьырэу акIэупчIэщт ыкIи цIыфым ищыкIэгъэ тхылъхэр афигъэпсыщтых.

ЦIыфхэм къэралыгъо фэIофашIэхэм псынкIэу ыкIи зэгъэпэшыгъэу афэгъэцэкIэгъэнхэм ПенсиехэмкIэ фондым и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэр зэригъэгумэкIырэм къыхэкIэу, ПенсиехэмкIэ фондым и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэмрэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо бюджет учреждениеу «Къэралыгъо ыкIи муниципальнэ фэIо-фашIэхэр афэгъэцэкIэгъэнхэмкIэ пшъэрылъыбэ зыгъэцэкIэрэ гупчэмрэ» Iоф зэрэзэдашIэщтым ехьылIэгъэ зэзэгъыныгъэм 2013-рэ илъэсым зэдыкIэтхагъэх. Непэ а организацием «зы шъхьаныгъупчъэ» шIыкIэм тетэу Урысые Федерацием ПенсиехэмкIэ ифонд ифэIо-фашIэхэу афигъэцакIэхэрэр нахьыбэ хъугъэх ыкIи 16-м нэсыгъэх. Апэ ахэр 6-м шIокIынхэу агъэнэфэгъагъ. МФЦ-м иофисхэм ПенсиехэмкIэ фондым ифэIо-фашIэхэу ащафагъэцакIэхэрэм яспискэ мы сайтымкIэ http://www.pfrf.ru/dranches/adygea/news/ 2015/07/16/94394-кIэ нэIуасэ зыфэпшIын плъэкIыщт.

ПенсиехэмкIэ фондым ифэIо-фашIэхэу чIыпIэ МФЦ-хэм нахьыбэу зыщакIэупчIэхэрэм ащыщых:

1) СНИЛС-р ятыгъэныр. МФЦ-хэмкIэ икIыхэзэ шIокI зимыIэ пенсие страхованием ехьылIэгъэ свидетельствэ 1129-рэ цIыфхэм аратыгъ.

2) Пенсиер ыкIи нэмыкI тынхэр зыфэдизхэм яхьылIэгъэ справкэхэр. Тызхэт илъэсыр къызихьагъэм къыщыублагъэу МФЦ-хэмкIэ икIыхэзэ справкэ 2457-рэ цIыфхэм аратыгъ.

А тхылъхэр цIыфхэм ящыкIагъэх субсидиехэр ягъэгъэуцугъэнхэм, социальнэ ухъумэныгъэм ехьылIэгъэ Iофыгъохэм, чIыфэ къаIыхыгъэным фэшI банкхэм яхьылIэгъэнхэм ыкIи нэмыкI Iофыгъохэм апае.

ПенсиехэмкIэ фондым и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэмрэ МФЦ-мрэ тапэкIи цIыфхэм афагъэцакIэрэ къэралыгъо фэIо-фашIэхэр нахь дэгъоу зэхэщэгъэнхэм ищыкIэгъэ Iофыгъохэр зэрахьанхэ агу хэлъ.

***КЪЫЗДЫРМЫШЭ Асхьад.***
**ПенсиехэмкIэ фондым и Къутамэу Адыгэ Республикэм щыIэм къэбархэр къэухъумэгъэнхэмкIэ иотдел ипащ.**

# ХЫНЫГЪОШХОР ЗЭШІУАХЫГЪ

## Шэуджэн районым лэжьыгъэ бэгъуагъэ къыщырахыгъ

**Охътэ кІэкІым къыкІоцІ чІэнагъэ имыІэу Шэуджэн районым Іоныгъор щызэшІуахыгъ. ЗэкІэмкІи гектар мин 16-м ехъу мыгъэ алэжьыгъ, ащ щыщэу хьэм рагъэубытыгъэр гектар мини 2,3-рэ, коцыр зытелъыгъэр гектар мин 14-м кІэхьэ.**



Іоныгъом кІэухэу фэхъугъэр къытфиІотагъ Шэуджэн район администрацием мэкъу-мэщымкІэ игъэІорышІапІэ ипащэу Чэсэбый Анзор.

— Гъэхъэгъэ дэгъухэр тиІэхэу Іоныгъор тыухыгъэ, — еІо ащ. — Бжыхьэсэ гектарым центнер 52,3-рэ къытыгъ, ар гъэрекІорэм елъытыгъэмэ, центнери 5-кІэ нахьыб. ЗэкІэмкІи бжыхьэсэ тонн мин 85-м ехъу къэтхьыжьыгъ.

Зыгъэпсэфыгъо ямыІэу мэфэошІухэр къызыфагъэфедэхэзэ, хьэр районым ичІыгулэжьхэм Іуахыжьыгъ, гурытымкІэ гектарым центнер 45,5-рэ къырахи, пстэумкІи тонн мини 10,4-рэ къаІожьыгъ. Рапс гектар 821-у Іуахыжьыгъэм гектар телъытэу центнер 20,4-рэ къырахыгъ. Коц гектарым центнер 53,4-рэ къыти, зэкІэмкІи тонн мин 74,5-рэ къаІожьыгъ.

— ГъэрекІо бжыхьасэхэм узхэр къазэрахэхьэгъагъэр къыдэтлъыти, нахь игъэкІотыгъэу тихьасэхэм тадэлэжьагъ. ГъэрекІо бжыхьэм пхъэным фемыжьэхэзэ чІыгури, чылапхъэу халъхьащтри зэрифэшъуашэу агъэхьазырыгъ. Ащ ишІуагъэ къэкІуагъ узхэр лэжьыгъэмэ къахэмыхьанхэмкІэ. Ащ нэмыкІэу, бжыхьасэхэм тІогъогогъо минеральнэ чІыгъэшІухэмкІэ яшІушІагъэх, фэшъхьаф Іофтхьабзэхэри зэшІуахыгъэх. Ом изытети, блэкІыгъэ илъэсхэм ялъытыгъэмэ, ащ фэдизэу пэрыохъу къытфэхъугъэп, — къытфеІуатэ Анзор.

Лэжьыгъэу къырахырэмкІэ, блэкІыгъэ илъэсхэм афэдэу, пэрытныгъэ зыІыгъхэр хъызмэтшІэпІэ анахь инхэу «Премиум», «Заря», «Былымахъу», «Регион Лифт», «Асхан» зыфиІохэрэр ары.

**— Анзор, лэжьыгъэу Іуахыжьыгъэм сыда рашІэрэр?**

— ТихъызмэтшІэпІэ анахь инхэм зэкІэми непэрэ мафэм ялэжьыгъэ зыщаІыгъын псэуалъэхэр яІэх. Ахэр Іоныгъор къемыжьэзэ зэтырагъэпсыхьагъэх, лэжьыгъэр зыгъэушъыкІэ, ахэм аратакъо, уасэр къыдэкІоефэ ащаІыгъы. Ащ фэдэ амал зимыІэхэм, анахьэу мэкъумэщ фермер хъызмэтшІэпІэ цІыкІухэм, ялэжьыгъэ ащэгъах.

**— Комбайн тхьапша Іоныгъом хэлэжьагъэр, гъэстыныпхъэмкІэ шъуиІофхэр сыд фэдэха?**

— ТихъызмэтшІапІэхэр техникэмкІэ зэтегъэпсыхьагъэх. Аужырэ шапхъэхэм адиштэрэ, уарылэжьэнкІэ дэгъухэу комбайнэхэр тиІэх. ЧІэнагъэ имыІэу лэжьыгъэр Іуахыжьыгъ. Зы мафэм комбайнэ 45-мэ лэжьыгъэр къаІожьыщтыгъэ. КъэІогъэн фае мы илъэсым тикомбайнэхэм япроцент 25 — 30-м уарзэр хыпкъым зэрэхаупкІэтэжьыщт Іэмэ-псымэхэр зэрапытыгъэхэр.

ТихъызмэтшІапІэхэм Іоныгъом ехъулІэу АР-м мэкъу-мэщымкІэ и Министерствэ ІэпыІэгъу къазэрафэхъугъэм ишІуагъэ къякІыгъ, ахъщэмкІэ гъэстыныпхъэ шхъуантІэр зэрагъэгъотыгъ.



**— Районым лэжьыгъэм и Мафэ щыхэжъугъэунэфыкІыщта?**

— Іоныгъом хэлэжьагъэхэм ямызакъоу, зэкІэ губгъо ІофшІэнхэмкІэ анахь къахэщыгъэхэр дгъэшІощтых. БлэкІыгъэ илъэсхэм комбайнер ыкІи водитель анахь дэгъухэр къыхэдгъэщыщтыгъэхэмэ, джы мы аужырэ илъэс заулэм лэжьыгъэр зыпхъыгъэ, ахэм яшІушІэгъэ механизаторхэми, специалистхэми шІухьафтынхэр ятэтых.

## Гъэхъэгъэшlухэр яlэх

**Шэуджэн районымкІэ зэлъашІэрэ фермерэу Отэщыкъо Аслъан ихъызмэтшІапІэу «Былымахъом» Іоныгъор пстэуми апэу щаухыгъ. Мэфэ заулэкІэ хьэ гектари 100-рэ коц гектар 700-рэ мыщ щыІуахыжьыгъ.**



Коцым иІухыжьын зыщаухыщт мафэм хъызмэтшІапІэм тыщыІагъ. Ащ ипащэу Отэщыкъо Аслъан гущыІэгъу тыфэхъугъ, яІофхэм язытет зыфэдэр къытфиІотагъ.

— Мыгъэ лэжьыгъэу къитхыжьыгъэм тигъэрэзагъ, — еІо пащэм. — ГурытымкІэ зы хьэ гектарым центнер 50 фэдиз къитхыжьыгъ, коцым гектар телъытэу центнер 55-рэ фэдиз къытыгъ, къыхэкІыгъэх коц хьасэхэу центнер 60 къэзытыгъэхэри.

Лэжьыгъэ бэгъуагъэ ичІыгу къырихыным пае хъызмэтшІапІэм къытефэрэр зэкІэ ышІагъ. Чылэпхъэ анахь лъэпкъышІухэр, хабзэ зэрэхъугъэу, апхъыгъэх. Минеральнэ чІыгъэшІухэмкІэ бжыхьасэхэм яшІушІагъэх, мы Іофтхьабзэхэм ахъщэу апэІухьагъэр бэ, ау лэжьыгъэу къытырэмкІэ зыкъигъэшъыпкъэжьыгъэу фермерым елъытэ.

— Губгъо ІофшІэнхэм апыдгъэкІодэрэ ахъщэр хэпшІыкІэу нахьыбэ хъугъэ. Уасэхэм процент 70-рэ фэдиз къахэхъуагъ. Ащ елъытыгъэмэ, лэжьыгъэм непэ уасэу къыфагъэуцурэр бэп, — еІо тигущыІэгъу.

Лэжьыгъэу Іуахыжьырэр, зэкІ пІоми хъунэу, бэмышІэу ашІыгъэ лэжьыгъалъэм ратэкъуагъ. Ащ игъэпсын сомэ миллиони 5-м ехъу пэІухьагъ, пащэм банкым къырихыгъэ кредитымкІэ ар зэришІыгъэр къытфиІотагъ. Іуахыжьыгъэ лэжьыгъэр зэкІэ ащ щиІыгъын амал иІ.

Мы илъэсым комбайни 4-кІэ Іоныгъор зэшІуахыгъ. «Дон» ыкІи «Акрос» зыфаІохэрэм афэдэ тІурытІум чІэнагъэ фамышІэу бжыхьасэхэр къаІожьыгъэх. Техникэм игъэкІэжьын фытегъэпсыхьэгъэ республикэ программэм пащэр хэлажьи «Акросхэр» фэгъэкІотэныгъэ иІэу зэригъэгъотыгъэх.

— Комбайнэу сиІагъэхэри дэигъэхэп, — къытфеІуатэ ащ. — Ау «Акросхэм» нахь гугъапІэ афысиІ. Ахэм якъыдекІокІын пыутэу къытфекІу, чІэнагъэ амышІэу лэжьыгъэр аугъоижьы. Ар зэрыкІогъэ хьасэм зы коцыцэ къыщымыгъотынэу Іуехыжьы. Зы мафэм, анахь макІэми, гектар 30 ащ къыІожьын елъэкІы.



ХъызмэтшІапІэм зэкІэмкІи нэбгырэ 20 щэлажьэ. ЛэжьапкІэу, нэмыкІэу Іоныгъор заухыкІэ механизаторхэм къалэжьыгъэм елъытыгъэу, ахъщэ къараты, сомэ мини 150-рэ къызыфикІыхэрэри ахэтых. КъэІогъэн фае илъэс 25-м къыкІоцІ хъызмэтшІапІэм зы нэбгырэ зэрэІумыкІыжьыгъэр, яІофшІэн шІу алъэгъу, фыщытыкІэу къафыряІэр зэхашІыкІы.

Хабзэ зэрэхъугъэу, опытышхо зиІэ комбайнерхэм лэжьыгъэр Іуахыжьыгъ. Ахэр Набэкъо Анзор, Владимир Целуйко *(сурэтым ит),* Боджэкъо Аскэрбый, НакІэ Замир. Ахэр джы тракторхэм атетІысхьажьыхи, жъоным фежьагъэх.

— Къыхэзгъэщымэ сшІоигъу мэкъумэщ хъызмэтшІапІэхэм хэхъоныгъэхэр ашІынхэм фэшІ республикэм и Правительствэ ынаІэ зэратетыр. АлъэкІ къамыгъанэу, амалэу яІэмкІэ ІэпыІэгъу къытфэхъух, ар тэ зэхэтэшІэ. Гектар телъытэу федеральнэ гупчэм къытфитІупщырэ ахъщэр Адыгеим къызыскІэ, АР-м мэкъу-мэщымкІэ и Министерствэ охътэ кІэкІым къыкІоцІ къытфетІупщы, ар зы мафэкІи агъэгужъорэп. АщкІэ ахэм лъэшэу тафэраз, — еІо Аслъан.

Отэщыкъо Аслъан зы чІыпІэ имытэу хэхъоныгъэхэр, гъэхъэгъэшІухэр ешІых, мурадхэр зыфегъэуцужьых. ЧІыгулэжьыным нэмыкІэу былымхэри ыІыгъых. ДжырэкІэ ащ чэмышъхьэ 60 фэдиз иІ, ау ахэм анибжь илъэси 8 — 10 хъугъэ, ахэр зэблэхъугъэнхэ фаеу фермерым елъытэ. Былымыр зыщиІыгъыщт къакъырхэр иІэх, ау аужырэ шапхъэхэм адиштэрэ псэуалъэхэм ахэр джыри алъыкІахьэхэрэп. «Семейная животноводческая ферма» зыфиІорэ къэралыгъо программэм къэкІорэ илъэсым хэлэжьэн, былымхъуным нахь зыригъэушъомбгъун мурад ащ зэриІэр къытиІуагъ.



***ПІАТІЫКЪО Анет.***

*Сурэтхэр Ізшъынэ Аслъан тырихыгъэх.*

МЭФЭКI КЪЭГЪЭЛЪЭГЪОН

**Урысые Федерацием инароднэ сурэтышIэу, Урысыем ыкIи Адыгеим язаслуженнэ сурэтышIэу Къат Теуцожь къызыхъугъэр илъэс 70-рэ хъугъэ. Ащ епхыгъэу бэмышIэу КъокIыпIэм щыпсэурэ лъэпкъхэм яискусствэкIэ Къэралыгъо музеим икъутамэу Мыекъуапэ дэтым Къатым икъэгъэлъэгъон къыщызэIуахыгъ. СурэтышIыр ащ зэреджагъэр «Мир добра и света».**

# ШIумрэ нэфымрэ ядунай

Мэфэкl къэгъэлъэгъоным сурэтышIым ипроизведении 150-рэ хэлажьэ, ахэр творческэу Iоф зишIэрэ илъэс 40-м ышIыгъэхэм ащыщых. 1975-рэ илъэсым къыщыублагъэу непэрэ мафэхэмкIэ кIэкIыжьэу Теуцожь ыIапэ, икъэлэм ахэр къыпыкIыгъэх. IофшIагъэхэр жанрэ зэфэшъхьафхэм арылъых, IэпэIасэмкIэ Iэрыфэгъух зэфэдэу графикэри, живописри, акварелри, чеканкэри. Къэгъэлъэгъоныр экспозицие шэпхъэ зэикI хэлъэу гъэпсыгъэ. Произведение пэпчъ щыIэныгъэ лъэныкъуабэмкIэ темэхэр зэхэугуфыкIыгъэу къыщытыгъэх, ахэгощэгъэ гупшысэмрэ шъошэ-теплъэмрэ сыдигъуи икъоу ащызэдештэх, художественнагъэр а зэкIэми къагъэлъэшы.

Псэ зыпыт пстэумкIэ, анахьэу цIыфымкIэ, шIум ыкIи нэфым акIуачIэ, ялъэкI зэрэиныр кIигъэтхъэу Теуцожь мыпшъыжьэу сурэт зэфэшъхьафыбэр егъэчъы. Уегупшысэмэ, мы Дунаишхор зыIыгъэу, щызыгъаIэрэр шIур ыкIи нэфыр арыба?! Ар зэхашIэу цIыф Iуш акъылышIуабэр зэблэжьырэп — зэкIэ зыфашIэрэр, зыфэулэухэрэр ялъэпкъ ары. Мы сурэтшIыгъэ зэфэшъхьафыбэм IэпэIасэу Къатым ыгу щыхъэрэ-щышIэрэри, идунэелъэгъукIи, иIофшIэкIэ къулайныгъи, игупшысэ кIуачIэу хэлъыри къыплъагъэIэсы. Художественнэ IэшIагъэ пэпчъ гупшысэр ыкIи ащ диштэрэ шъо лъэпкъхэр IэпкIэлъапкIэу зэрэщыгъэфедагъэхэм сурэтым кIуачIи, лъэгъупхъагъи къыхалъхьэ. Охътэ хъугъэ-шIэгъэ зэмлIэужыгъохэмрэ щыIэныгъэ кIапсэмрэ нэрымылъэгъу IуданэкIэ зэрэзэпхыгъэхэр Къат Теуцожь исурэтшIыгъэхэм нафэ къыпфашIы. СурэтышIымкIэ анахь мэхьанэ зиIэхэм апэрэр унэгъо зэпхыныгъэхэр — ны-тыхэр ыкIи лъфыгъэхэр; лIакъор — зэрэлъэпсэшхор; лъэпкъыр — пкъэу, шъхьэу, лъапсэу зэрэщытыр. Мыхэр зэкIэ ынэгу кIэтэу Къатым итворческэ гупшысэ елэжьы. ЗэкIэ икъэлэмыпэ къыпыкIыгъэ IофшIагъэхэр янэ-ятэхэм, икъуаджэу Гъобэкъуае, илIакъо ыкIи илъэпкъ, адыгэхэм яшэн-хабзэхэм, ашъхьэ къырыкIуагъэм афэгъэхьыгъэх. Мэфэкl къэгъэлъэгъоным гупчэ чIыпIэр щаIыгъ сурэтшIыгъэ зэхэтхэу «Унагъор», «Сян», «Сят» зыфиIохэрэм. Мары Ным исурэтшIыгъэ ин нэм зэрэфэплъ: Ныр — адыгэ бзылъфыгъэр — ыгукIи ышъокIи зыфэдэр, унагъомкIэ, илъфыгъэхэмкIэ ар зэрэпсэемыблэжьыр, Ныр нэм зэрэфэдэр, ащ ыпсэ ифабэ тыгъэм зэрэпеIэрэр Теуцожь исурэткIэ къыриIотыкIыгъ. Ныр — гуIал, зышъхьасыжьырэп, зыфэмыкъулаий, зытемыгъэпсыхьагъи щыIэп — онджэкъым иухъумакIу, ыIапэхэм сыдымкIи дышъэр къапэзы. Сурэтыр ыбгъухэмкIэ пIоблэ гухьарэхэмкIэ зэлъыпкIагъ, гузэгупIэм Ныр щыс. Адыгэ бзылъфыгъэр лъэпкъымкIэ мэхьанэ ыкIи осэ ин зыфашIэу зэрэщытыр сурэтышIым ащкIэ кIигъэтхъыгъэу къысшIошIы. Теуцожь икъэгъэлъэгъон ным,



тым ясурэтхэм ямызакъоу, адыгэ унагъом ынэгу къизыхырэ сурэтхэри хэлъых. «Пчэдыжьып» зыфиIорэ сурэтым адыгэ пытым итеплъэ щытэлъэгъу — ежь адыгэ унэгъолъэчIэжъэу къызэрыхъухьагъэм итеплъ: тхъууалъэр щыт, Iэнэ лъэкъуищыр ащ къыкIэрыт, пхъэ къашыкъыр, лагъэхэр. Унагъор ыкIи лъэпкъыр сурэтышIым игупшысэ иных. Адыгэхэм пасэм тхьабэ диныр («мэджусый» зыфаIорэр) зэралэжьыщтыгъэр къыдилъытэзэ, лъэпкъым ишэнхабзэхэр — тыгъэм, мазэм, шыблэм, машIом, огъум, гъаблэм ашIолIыкIыхэу, ятхьэшIошъхъуныгъэ ин пстэумкIэ гъэзагъэу зэрагъэцакIэщтыгъэр ыкIи ащ къызэрэкъуанэщтыгъэхэр произведениябэм зэхыуагъашIэ.

Адыгэхэр лъэпкъыжъхэм ащыщых, алъапси ыцыпэ нэсыгъошIоп, ау тхыдэм зыфэбгъазэмэ нартхэр гъозэпIэ иных. СурэтышIэу Къат Теуцожь ешIэ жэрыIо творчествэм лъэпкъым игъогу узэрэтырищэрэри, гупшысэм нэфэгъэ ин къызэрэхилъхьэрэри. Къэгъэлъэгъоным «Нарт Саусырыкъо цIыфхэм машIор къызэрафихьыжьыгъэр», «Адыиф» зыфиIоу хэтлъагъохэрэм бэ шъхьэм, гум щызэпэкIагъэкIырэр. Нартхэм афэдэ къабзэу адыгэ пшысэхэми лъэпкъым идунээтетыкIагъэр къызэрэраIотыкIырэм ищысэх Теуцожь пшысэ сюжетхэм атешIыкIыгъэ сурэтыбэ дэдэ зэриIэр. Ахэм ащыщхэр тхылъхэми къадэхьагъэх, къэгъэлъэгъон экспозициеми бэу щытэлъэгъух. ГущыIэм пае, «Есмыкъо Есхъот», «Iэхъо цIыкIумрэ пчэнхэмрэ», «Къэмыхъугъэ гуащэр», «Пшъашъэм къехъулIагъэр» зыфиIохэрэр. Мыхэм къаIуатэрэм адыгэм ишэни, ихабзи, иIушыгъи, илIыгъи, инамыс къызэриухъуми къыпфызэхафы, адыгэр зилIэужыгъор уагъашIэ.

**Сурэтыш**І**ымк**І**э анахь мэхьанэ зи**І**эхэм апэрэр унэгъо зэпхыныгъэхэр — ны-тыхэр ык**І**и лъфыгъэхэр; л**І**акъор — зэрэлъэпсэшхор; лъэпкъыр — пкъэу, шъхьэу лъапсэу зэрэщытыр. Мыхэр зэк**І**э ынэгу к**І**этэу Къатым итворческэ гупшысэ елэжьы.**

Къэгъэлъэгъоным натюрмортым, пейзажым ыкIи портретым чIыпIэшхо щаубыты. Ежь сурэтышIым мызэу, мытIоу плIэ, тфэ фэдизрэ сурэт зытыришIыкIыжьыгъ. Ахэр апэдэдэ сэнэхьатым зыпэуцом ышIыгъагъэр, нахь зыкъиштагъэу ыкIи лIыпкъым итэу. «Ныбжьищ» цIэу зыфишIыгъэу, ежь Теуцожь кIэлэгъум, лIы хъугъэу ыкIи акъылым лъыIэсэу, дэбжъыкъур фыжьэу ныбжьищ зэфэшъхьафым зэрарытыр сурэт инэу дэпкъыр зэлъызыубытырэр IофшIэгъэ икъоу къысщыхъугъ. Графическэ IофшIагъэхэу «МэлэIичхэр», «МэлэIич нэшхъэйхэр», нэмыкIхэр ыкIи сурэтищ зэхэтэу «ЩыIэныгъ» зыфиIорэри гупшысабэкIэ къыотэх.

Къэгъэлъэгъоным Къат Теуцожь ичеканкэхэми чIыпIэ хэхыгъэ щыряI: «Чэтыу хьаджэр», «Лъэтегъэуцу», «Анахь тхьагъэпцIыр», «Тхьэркъуищ», «Сабыир къэхъугъ», «ПсынэкIэчъым дэжь», нэмыкIхэми щыIэныгъэ ушъый ыкIи лъэпкъ щыIэкIэ хабзэхэр къыраIотыкIых. Мыхэр гъучIым хэутыгъэ сурэтых, а лъэныкъори мыкъызэрыкIо дэдэми, сурэтышIэу Къатым дэгъоу фызэшIокIыгъ.

Адыгэхэм «ахэмыхьагъэрэ къамылъфыгъэрэ» аIоу зэхэпхыщт. Ау Къат Теуцожь ахэхьагъ ыкIи ахэкIыгъ. Адыгеим, къош республикэхэм, Урысыем илъэс къэс ащызэхащэхэрэ шъолъыр, край, республикэ ыкIи дунэе зэнэкъокъухэм чанэу ахэлажьэ. Ежь иунэе къэгъэлъэгъонэу 16 Урысыем ыкIи IэкIыб къэралхэм ащызэхищагъ. Къатым иIэшIэгъэ анахь дэгъухэр Урысыем имузейхэм ыкIи Тыркуем, Иорданием, Сирием, Грузием анэсыгъэх. СурэтышIым ылъэгъоу зэхишIэрэм бэкIэ епхыгъэба итворчествэ, ащыIагъ Къатыр адыгэхэр зэхэубытагъэхэу зыщыпсэухэрэ Тыркуем, Иорданием мы аужырэ илъэситIум. ЗэкIэ ащ фэдэ зекIоным ылъэгъугъэу зэхишIагъэм рагъэшIыгъэ гупшысэхэр тхьапэм сурэтымкIэ къыщыриIотыкIыгъэх. ИIэх Теуцожь «Пшысэ хьалэмэткIэ» («Волшебная сказка») зэджэгъэ сурэт куп шъоджылхэу гур къэзыIэтэу, нэр зыгъэшIухэрэр. Ахэр зэкIэ КъокIыпIэм идунэе дахэ — ичъыгхэм, ипсэупIэхэм, адыгэ къуаджэхэм, ахэм джырэ уахътэм ащыпсэухэрэ цIыфхэм ящыIакIэ уафэзгъэнэIуасэх, щэч хэлъэп, сурэтышIым акварель шIыкIэ-шапхъэмкIэ ахэм дэгъоу зыкъызэращигъотыгъэми.



**Адыгеим, къош республикэхэм, Урысыем илъэс къэс ащызэхащэхэрэ шъолъыр, край, республикэ ык**І**и дунэе зэнэкъокъухэм чанэу ахэлажьэ. Ежь иунэе къэгъэлъэгъонэу 16 Урысыем ык**І**и** І**эк**І**ыб къэралхэм ащызэхищагъ. Къатым и**І**эш**І**эгъэ анахь дэгъухэр Урысыем имузейхэм ык**І**и Тыркуем, Иорданием, Сирием, Грузием анэсыгъэх.**

Мэфэкl къэгъэлъэгъоным сурэтыкIэхэу бэмышIэу (2014) Тыркуем Теуцожь щишIыгъэхэри хэлъых: «Мэщытыр», «Мэкъамэр», «Дэжъые пырыпыцу куандэхэр», «Пальмэхэр», «Дзыбэхэм яун», «Джэгум тыщыIэу», «Щайешъоныр» зыфиIохэрэр нэм къыкIедзэх шъоу ащигъэфедэхэрэмкIи, къаIуатэрэм а зэкIэ зэрэдиштэрэмкIи. Мы сурэтхэр къызэрыкIо хьазыр фэдэхэми, ахэр адыгэм инахьыбэу Тыркуем щыпсэун фаеу хъугъэхэм ящыIакIэ итеплъэу зэрэщытхэр къызыдэплъытэкIэ, тарихъ мэхьанэ зиIэ сурэт-лъэужхэу зэрэщытхэр къыбгурэIо.

Зы сыхьатым къыкIоцI сызэплъыгъэ сурэтхэм джащ фэдэ шIошI-зэфэхьысыжь сэ сагъэшIыгъэр. Узэмыджэнджэшыщтыр Къатым талант ин зэрэхэлъыр ары. Искусствэм хэшIыкI дэгъу фыриI, сурэтшIынымкIэ гъэсэныгъэ-шIэныгъи, IэпэIэсагъи зэращымыкIэрэр ипроизведениехэмкIэ къыушыхьатыгъ.



Мыщ дэжьым гущыIэ заулэ Къат Теуцожь ижурналист-тхэн IофкIэ къыпызгъахъомэ сшIоигъу. СурэтшIыным фэдэ къабзэу, адыгабзэкIэ гупшысэн-тхэныр къыдэхъу, гъэзетым ыкIи журналэу «Зэкъошныгъэм» ихудожественнэ очеркхэр, рассказхэр, повесть пычыгъохэр къыхаутых. Журналист сэнэхьатыр ыкIи тхэкIэ гупшысэкIэ къулайныгъэр дэгъоу къыIэкIэхьагъэх, художественнэ тхылъ пчъагъэ иI, бэмышIэу тарихъ роман «Год жестокий, восемнадцатый» зыфиIорэр урысыбзэкIэ къыдигъэкIыгъ, ар зыгорэм зэридзэкIыгъэп, ежь ытхыгъ. Арышъ, бзэшIэныгъэ икъуи, гупшысэ хъытакIи IэкIэлъ, зэчыибэкIэ Тхьэр къызэтагъ, тапэкIи итворчествэ а лъэныкъохэмкIэ зызэриубгъущтым щэч хэлъэп.

**Сурэтш**І**ыным фэдэ къабзэу, адыгабзэк**І**э гупшысэн-тхэныр къыдэхъу, гъэзетым ык**І**и журналэу «Зэкъошныгъэм» ихудожественнэ очеркхэр, рассказхэр, повесть пычыгъохэр къыхаутых. Журналист сэнэхьатыр ык**І**и тхэк**І**э-гупшысэк**І**э къулайныгъэр дэгъоу къы**І**эк**І**эхьагъэх, художественнэ тхылъ пчъагъэ и**І**, бэмыш**І**эу тарихъ роман «Год жестокий, восемнадцатый» зыфи**І**орэр урысыбзэк**І**э къыдигъэк**І**ыгъ, ар зыгорэм зэридзэк**І**ыгъэп, ежь ытхыгъ.**

***МАМЫРЫКЪО Нуриет.***
**Адыгэ Республикэм изаслуженнэ журналист.**

# Икъуаджэ фэгумэкIырэ цIыф

**Чылэм сыд фэдэ Iофыгъо къыщаIэтыгъэми, ащ кIэщакIо фэхъурэми ыкIи апэ итэу зэшIозыхырэми ащыщ Аскъэлае икIэлэпIугъэу Гъыщ Азмэт Мосэ ыкъор. Ар къызыхэугъэр мы мафэхэм илъэс 75-рэ мэхъу.**



1940-рэ илъэсым Азмэт Аскъэлае къыщыхъугъ. Ятэу Мосэ къуаджэм дэкIыгъэ нэбгырэ 300-м ехъумэ зыкIэ ащыщэу Хэгъэгу зэошхом кIуагъэ. Ар зэуапIэм зэрэщыфэхыгъэр зэрытхэгъэ тхьапэр 1942-рэ илъэсым унагъом къызыфагъэхьым кIэлэцIыкIум илъэситIу нахь ыныбжьыгъэп. Янэ ныбжьыкIэ дэдэу шъузабэу къэнэшъ, унэгъо ыкIи колхоз Iофри, шъэожъыитIумэ япIунлэжьыни бзылъфыгъэ шъхьэзакъом къылъэхэнэх.

Джауштэу Азмэтрэ ышнахьыжъэу Юрэрэ сабый дэдэхэзэ уятэ уимыIэу укъэтэджыным икъиныгъо зыфэдэр зэхашIагъ.

Гъэшlэрэ щытхъур апсэкIэ къэзылэжьыгъэ дзэкIолIыбэу заом имашIо пахъэхи хэкIодагъэхэм, текIоныгъэр къытфыдэзыхыгъэхэм къакIэнагъэ кIэлэ ибэхэмрэ АскъэлаекIэ шъузабэу къэнагъэ бзылъфыгъэхэмрэ заор заухыгъэр илъэс 70-рэ зэрэхъугъэм ипэгъокIэу «Укъэсшlэжьрэп, тят» ыIуи Азмэт афитхыгъэм мыщ фэдэ сатырхэр хэтых:

*«... Усшlэжьын фапIи, сят.*
*Илъэс сыныбжьэу удэкIыгъагъ.*
*Илъэс щэкIым сянэ шъузабэу*
*Сэ кIэлэ ибэу тыкъэбгъэнагъ.*
*... Шъхьагъырыт зиIэмэ насып яIагъ,*
*КIэлэ ибэ купыр къинышхом хэтыгъ.*
*Ау тыгу кIодэу къыхэдгъэкIыгъэп.*
*Тятэмэ анапэ ныбжьи тетхыгъэп.*
*Шъузэбэ купэу шъо къэжъугъэнагъэхэм*
*Гъунэ имыIэу лIыгъэ зэрахьэзэ,*
*Сабый ибэу къалъэхэнагъэхэр*
*Къинышхо ахъузэ зэлъапIужьыгъ.*

Адыгэмэ зэраIоу, «ылъэгуанджэ зэрытым ышъхьэ итыгъ» кIалэм колхозым Iоф щишIэнэу зырегъажьэм. Игъо къызэсым, дзэми къулыкъур щихьыгъ. Нэужым Аскъэлэе гурыт еджапIэри, институтри ащ къыухыгъэх. Колхоз тхьаматэм игуадзэу, бухгалтерэуи чIыпIэ зэфэшъхьафмэ ащылэжьагъ. Ным исабыитIу адыгагъэр, цIыфыгъэ дахэр ахилъхьэхэзэ зэрипIугъэр, Iофыр шIу алъэгъоу, аIэ екIоу зэригъэсагъэхэр зэшитIумэ къагъэшъыпкъэжьзэ, щыIэныгъэ гъогум рэкIох.

Аскъэлае и Мафэ игъэмэфэкIын къуаджэм зыфигъэхьазыры зэхъум, ыгуи, ыпси хилъхьэзэ Азмэт мы Iофым хэлэжьагъ. МэфэкIыр зытекIым аскъэлаеу Мыекъуапэ дэсхэр зэрэугъоихи, зэкъоджэгъухэм яорганизацие ипащэу ар хадзыгъэу, мары илъэс 20 мэхъушъ мы пшъэрылъыр щытхъу хэлъэу егъэцакIэ. Къуаджэм икъини адегощы, ихъяри адеIэты, иIофыгъо пстэуми ахэлажьэ.

Азмэт икъуаджэ идахэ языгъэIогъэ лIы цIэрыIоу чылэм къыдэкIыгъэмэ арэгушхо. Аскъэлае и Мафэ ехъулIэу «Шъукъеблагъ Аскъэлае» ыIуи Азмэт усэу зэхилъхьагъэм мырэущтэу къыщетхы:

*... Таущтэу Мафэкъом урымыпэгэна!?*
*Тарихъэу пылъым зимыIэтына!*
*ТыдэкIи илIыгъэ уасэ щыфашIмэ,*
*Адыгэ лъэпкъым ар илIыхъужьмэ?!*
*Непэ, сикъуадж, Урысбый Мафэкъор*
*Саугъэт шIыгъэу о къыпфэкIожьы.*
*Шыу зэтесэу къэкIошъ теплъэшIоу*
*Уичылэ ипчэгу джы къеуцожьы.*
*Рыгушху, тикъуадж, джы къыбдэхъугъэм,*
*Рыпаг, сикъуадж, ащ фэдэ шыум,*
*УикIэлэпIугъэмэ, сикъоджэ дах,*
*ЩысэтехыпIэу ар афэрэхъу,*
*Хьау, зы лIыхъужъэп уиIэр, сикъуадж,*
*ЛIыхъукIэу Тыкъэр, Къатэу Алый,*
*БлэкIыгъэ заом пэбгъэуцугъэхэр*
*Чылэм ынапэу уикIэлэ пIугъэх...*

Чылэм имузееу Цэй Ерстэм непэ Аскъэлае щигъэпсырэми Азмэт егъэгумэкIы, гъунэ лъефы, амалэу иIэмкIэ зэрилъэкIэу хэлажьэ. Джащ фэдэ гумызагъ, цIыф шIагъу тикъоджэгъоу, тиныбджэгъоу Гъыщ Азмэт. Ащ былгунэгъо дахэ ышIагъ, ипсэукIэ-зекIуакIэкIэ щытхъури къылэжьыгъ.

Азмэт, уимэфэкIкIэ тыпфэгушIо! Уибын-унагъо, уикъорэлъф-уипхъорэлъфмэ яхъяррэ ягушIуагъорэ уахэмыкIэу, псауныгъэ пытэ уиIэу ущыIэнэу, уизы мафэ мэфишъэу, жъышъхьэ мафэу, гъэшIэ кIыхьэ ухъунэу, джыри бэрэ тапэ уитынэу тыпфэлъаIо.

***Аскъэлаехэу Мыекъуапэ щыпсэухэрэм язэхэщакIо куп.***

# Медальхэр афагъэшъошагъэх

**2015-рэ илъэсым имэзихэу пыкIыгъэм Адыгэ Республикэм и Апшъэрэ хьыкум и Президиум иIофшIэн зыщызэфихьысыжьыгъэ игъэкIотыгъэ зэхэсыгъоу щыIагъэм республикэм ифедеральнэ ыкIи зэгъэшIужь хьыкумышIхэм, джащ фэдэу къэралыгъом игражданскэ къулыкъушIэхэм Урысыем ихьыкум реформэ илъэси 150-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэ юбилейнэ медальхэр ащыфагъэшъошагъэх.**

2014-рэ илъэсым Урысыем ихьыкум реформэ илъэси 150-рэ зэрэхъугъэм фэгъэхьыгъэу, джащ фэдэу УФ-м ихьыкум системэ ыкIи УФ-м и Апшъэрэ хьыкум и Хьыкум департамент исистемэ иIофышIэхэр къырыхагъэщыхэу медалыр къыдагъэкIыгъ.

«Урысыем ихьыкум реформэ ия 150-рэ илъэс» зыфиIорэ медалыр юбилейнэу щыт ыкIи УФ-м и Апшъэрэ хьыкум и Хьыкум департамент исистемэ иведомственнэ тын лъапIэхэм ар ахахьэрэп. Юбилейнэ медалыр зыфагъэшъуашэрэр УФ-м ихьыкум системэ хэхъоныгъэхэр ышIынхэмкIэ зиIахьышIу хэзышIыхьагъэ хьыкумышIхэр ары. УФ-м ихьыкумышIхэм я Совет итхьаматэ ыкIи УФ-м и Апшъэрэ хьыкум и Хьыкум департамент игенеральнэ директор яунашъокIэ медалыр афагъэшъуашэ. Медалыр зэрэфагъэшъошагъэр къизыIотыкIырэ документым икопие ар зэратыщтым итхылъ далъхьэ, иIофшIэн тхылъми ар датхэ. «Урысыем ихьыкум реформэ ия 150-рэ илъэс» зыфиIорэ медалыр а зы нэбгырэм тIо ратырэп.

***(Тикорр.).***

## КIэрэщэ Тембот иIэпэрытххэм ащыщ сэмэркъэу кIэкIхэр

# Чэт-атэкъэ лъэпкъыкIэр

**Сэ наукэ Iофым сызэрэпыхьэгъагъэр шъосIогъагъэмэ сшIэрэп. ШъосымыIуагъэмэ, ари зэгорэм шъосIожьын.**

Арэу наукэ Iофым сыхэлажьэу, сыпылъэу тиадыгэ хэку чэтылIэр къихьагъ. Чэтхъубгапхьи къымыгъанэу, чэты зыцIэр емынэм ыхьэу къэбар зэхэсхыгъ. «Наукэм ащ фэдэ тхьамыкIагъомкIэ сишIуагъэ къыщымыкIощтмэ, синаукэ сыд пкIэу иIэр?» сIуи, сегупшысагъ. Чылэмэ сакъыхахьи, научнэ ушэтынхэр сшIыхэу сыхэтызэ, гъэшIэгъон дэдэ къыхэзгъэщыгъ. Емынэми, тэлауми ымыхьынэу чэт-атэкъэ лъэпкъыкIэ горэ тиIэу къычIэкIыгъ.

*Чэтхэр шъхьэпырынэ цIыкIух,*
*IупшIэцIыкIу гъэлагъэх,*
*ШIуагъэу, дагъэу ахэлъи щыIэп,*
*Ау нэшIэ-IушIэн нахь Iоф яIэп —*
*Дэхэн фаIэх.*
*Атакъэхэр — сыджышъхьэ гъэкIыгъэх,*
*Галифе кIэгъупчъэх.*
*Захъу-залъэу бгъатIэх,*
*ТIы зэуагъэм фэдэх.*
*Къащэн ыкIи рагъэкIыжьын*
*НэмыкI Iоф яIэп.*

А чэт-атэкъэ лъэпкъыр IонымкIэ бэлахь, чэтыр мырэущтэу мэджэ зэпыт:

*Къэ-къэ-къэ — къакIо,*
*Къэ-къэ-къэ — къакIо,*
*КъэкIо зэпыт,*
*СикIэсэ нагъу,*
*УкъакIо къэсми, уизакъоу къакIо.*

Адрэ атакъэм, гъэутэкорэпщыгъэ зэпытэу, игалифе тэмапэкIэ чIыгур ыупIэстхъэу мырэу еIо зэпыт:

*Къу-къу-къу — кукукъу,*
*КъыздакIу, къыздакIу, къыздакIу.*

Джары бзэуи, хабзэуи ахэлъыр. Непэ зэфэлIэх, неущ зэбгъодэкIыжьыщтых. Ау а чэт лъэпкъыр зэрэдэир кIэнкIэу къакIэцIыырэр зэрэмэкIэ дэдэр ыкIи бын зещакIэм зыкIи зэрэпымылъхэр ары.

Сэри ахэм яшIыкIэ-хабзэхэр наукэмкIэ зэзгъэшIэнэу сахахьи, зы заулэрэ сакIырыплъэу, ежьхэм афэдэу сахэтыгъ. Шъэ фэдизрэ къэсщи сэри изгъэкIыжьыгъ. А чэт лъэпкъым нахь тхьамыкIэ, шIыкIэ-хабзэ горэ зимыIэхэ псэ зыпыт щыIэпщтын. ПшIэ ибгъэкIыжьыгъэми, пшIэ Iупфыгъэми, узэреджэуи, уемыджахэуи, къэчъэжьыщт. Шъуз уиIэкIи къагъэнэщтэп. ШъхьакIо, губжыр яIэп.

Ау сэ а чэт лъэпкъым щыщ фэдэ цIыфыгу зыкIоцIылъ горэ къэсщи, сызIэкIиубытагъ. ИзгъэкIыжьынэу сызэфежьэм, «А си Хьамидэ нагъу, сыда сызтебгъэкIуадэрэр?» — къысиIуагъ.

— «Хьамидэ нагъу» пIоу, сыгу умыгъэузы, къэгъэзэжь адэ, — сIуи, тыкъызэфэнэжьыгъэу тыщыI. Ащ тетэу сэри цIыф псэукIэм сыкъызэхьажьыгъэу хъугъэ.

Джы симурадыр ары: анкетэ атхы зыхъукIэ, «лъэпкъыкIэ узыщыщыр» зыфиIорэм ыуж итэу, зы сатыр хэбгъэуцощт — «удыгэ лъэпкъымэ, адыгэ цIыф лъэпкъым ущыща, хьауми адыгэ чэт-атэкъэ лъэпкъыкIэм укъыхэкIыгъа?» ыIоу упчIэ итынэу.

# Сэ сыхьатыякIу

*Сэ сызфэдэр шъушIэрэн фаеп шъо?*
*Сэ сыхьатыякIу,*
*СыджэгокIо-къэшъуакIу.*
*ШIэн Iофи зимыIэу,*
*ГущыIэр зиIэшэ закъу.*

Сыдыми, IэнэтIэ гъэшIэгъон сызыIутыр. Хъун пIонти шъыпкъэр, цIыф бзаджэр джэгъогъу къыпфэхъун, мыхъун пIонти, цIыф шъыпкъэмэ агу къыобгъэн. НэмыкI шIуагъэ горэ схэлъыгъэмэ, а IэнатIэр сэ афэсштэныеп. Пшъэрылъэу сэ сиIэщтыр, артистхэмрэ шъорырэ (цIыфхэр) Iэжэгъоу шъуазыфагу ситыщт. Ау къытаIуагъэп шъумыIожь, мы сценэм гъунэгъоу шъукъемыкIуаI. Артист кIалэхэр къашъохэ зыхъурэм лъэшэу гъэкIэоощтых, зыгорэм ынэ-ыпэ къырафыкъон — шъусакъ!

Унашъоу зэдэтшIыщтыр, шъо мыщ самбырэу шъущысыщт, Iэгум шъутеощт. Сэри моу урам къуапэ горэм сыкъыкъоплъэу сыщытыщт, хьал-балыкъ горэ къэхъумэ сшъхьэ зэрэIусхыжьынэу...

# Тхьаматэм игущыI

Колхоз тхьаматэм зэIукIэм къыщишIыгъэ докладыр гущыIэ IэтыгъэкIэ зэгъэзэфэгъагъэ:

— План, значит, мы выполняли, перевыполняли, значит, все правильно — отлично... — Марыхъуи нэмыкIхэри заушъэфыгъэу едэIуштыгъэхэми, зи Iэгу теуагъэ ахэтэп.

— Сэлым, о зыгорэ къаIо, — аIуи къызагъэтэджым, — сэ сыпенсионер, — ыIуагъ ащ.

Марыхъу зэрэщысэу тхьаматэм еупчIыгъ:

— Къымчэрый, уигущыIэмэ бэрэ къахэогъафэ «значитыр». Значит — правильно, значит — успели. — Сыда а гущыIэм — «значитым» къикIырэр? — къытаIу, тхьаматэ.

— Тхьауегъэпсэу, Марыхъу, вопрос понятен, значитым мэхьэнэ гъэнэфагъэ иI.., — ыIуи джэуапыр ащ щиухыгъ. Тхьаматэм къыIуагъэм ыгъэрэзагъэхэм фэдэу мэкъумэщышIэхэр тэджыжьыгъэх.

***Тхыгъэхэр хэутыным фэзыгъэхьазырыгъэр КIЭРЭЩЭ Зуз.***

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «2015-рэ илъэсымкIэ, 2016-рэ, 2017-рэ илъэсхэм ячэзыу пIалъэкIэ Адыгэ Республикэм шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ и ЧIыпIэ фонд ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2015-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 27-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «2015-рэ илъэсымкIэ, 2016-рэ, 2017-рэ илъэсхэм ячэзыу пIалъэкIэ Адыгэ Республикэм шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ и ЧIыпIэ фонд ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу 2014-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 18-м аштагъэу N 350-р зытетэу «2015-рэ илъэсымкIэ, 2016-рэ, 2017-рэ илъэсхэм ячэзыу пIалъэкIэ Адыгэ Республикэм шIокI зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ и ЧIыпIэ фонд ибюджет ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэ зэхэугъоягъэхэр, 2014, N 12) мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) а 1-рэ статьям иа 1-рэ Iахь:

а) иа 1-рэ пункт хэт пчъагъэу «3606860.5»-р пчъагъэу «3611860.5»-кIэ, пчъагъэу «3426860.5»-р пчъагъэу «3431860.5»-кIэ зэблэхъугъэнхэу;

б) я 2-рэ пунктым хэт пчъагъэу «3606860.5»-р пчъагъэу «3611860.5»-кIэ зэблэхъугъэнэу;

2) я 6-рэ статьям хэт пчъагъэу «1.16»-р пчъагъэу «1.0»-кIэ зэблэхъугъэнэу;

3) гуадзэхэу N 2-мрэ 4-мрэ мы Законым игуадзэхэу N 1-м, 2-м адиштэу къэтыжьыгъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

1. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу. Ау Законым иа 1-рэ статья ия 2-рэ пункт ащ къыхиубытэрэп.

2. 2015-рэ илъэсым мэкъуогъум и 1-м щегъэжьагъэу мы Законым иа 1-рэ статья ия 2-рэ пункт кIуачIэ иIэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу*
*ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан*

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 3, 2015-рэ илъэс
N 413

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Этил спиртым, шъон пытэхэм ыкIи спирт зыхэт нэмыкI шъонхэм якъыдэгъэкIынрэ яIугъэкIынрэ япхыгъэ IофыгъоI заулэ зэшIохыгъэным ыкIи шъон пытэхэм нахь макIэу яшъонхэмкIэ Iофтхьабзэхэр зехьэгъэнхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм иа 1-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2015-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 27-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Этил спиртым, шъон пытэхэм ыкIи спирт зыхэт нэмыкI шъонхэм якъыдэгъэкIынрэ яIугъэкIынрэ япхыгъэ Iофыгъо заулэ зэшIохыгъэным ыкIи шъон пытэхэм нахь макIэу яшъонхэмкIэ Iофтхьабзэхэр зехьэгъэнхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм иа 1-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу 2013-рэ илъэсым шышъхьэIум и 1-м аштагъэу N 228-р зытетэу «Этил спиртым, шъон пытэхэм ыкIи спирт зыхэт нэмыкI шъонхэм якъыдэгъэкIынрэ яIугъэкIынрэ япхыгъэ Iофыгъо заулэ зэшIохыгъэным ыкIи шъон пытэхэм нахь макIэу яшъонхэмкIэ Iофтхьабзэхэр зехьэгъэнхэм яхьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэ зэхэугъоягъэхэр, 2013, N 8, 11; 2014, N 4) иа 1-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу, а 1-рэ Iахьым иа 1-рэ пункт мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«1) сыхьатыр 22.00-м къыщегъэжьагъэу къыкIэлъыкIорэ мафэм сыхьатыр 11.00-м нэс шъон пытэхэр розничнэу ащэнхэ фитэп, ащ къыхиубытэхэрэп организациехэм, мэкъумэщышIэ (фермер) хъызмэтшIапIэхэм, унэе предпринимательхэм мэкъумэщым гъомылапхъэ къыщызыхьыжьхэрэм шъон пытэхэр розничнэу зэращэхэрэр; организациехэм, мэкъумэщышIэ (фермер) хъызмэтшIапIэхэм ыкIи унэе предпринимательхэм цIыфхэм ягъэшхэнкIэ фэIо-фашIэхэр агъэцакIэхэзэ, унэе предпринимательхэм пивэр, сидрэр, пуарер, медовухэр розничнэу зэращэхэрэр; джащ фэдэу пошлинэ амытэу сатыу зышIырэ тучанхэм шъон пытэхэр розничнэу зэращэхэрэр;».

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу*
*ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан*

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 3, 2015-рэ илъэс
N 415

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм изакон заулэмэ кIуачIэ ямыIэжьэу лъытэгъэным ехьылIагъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2015-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 27-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм изакон заулэмэ кIуачIэ ямыIэжьэу лъытэгъэным ехьылIагъ**

КIуачIэ ямыIэжьэу лъытэгъэнэу:

1) Адыгэ Республикэм и Законэу 2008-рэ илъэсым мэзаем и 13-м аштагъэу N 150-р зытетэу «Промышленнэ политикэм ехьылIагъ» зыфиIорэр (Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэ зэхэугъоягъэхэр, 2008, N 2);

2) Адыгэ Республикэм и Законэу 2012-рэ илъэсым мэлылъфэгъум и 2-м аштагъэу N 76-р зытетэу «Адыгэ Республикэм и Законэу «Промышленнэ политикэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 5-рэ статья зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным фэгъэхьыгъэм» (Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэ зэхэугъоягъэхэр, 2012, N 4).

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу*
*ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан*

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 3, 2015-рэ илъэс
N 417

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

**Универсальнэ электрон картэм идубликат къазэраратырэ ШIыкIэмрэ ахъщэу ащ лъатыщтыр зыфэдизымрэ яхьылIагъ**

2010-рэ илъэсым бэдзэогъум и 27-м аштэгъэ Федеральнэ законэу N 210-р зытетэу «Къэралыгъо, муниципальнэ фэIо-фашIэхэр зэрагъэцэкIэрэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 27-рэ статья, Адыгэ Республикэм и Законэу 2014-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 18-м аштагъэу N 353-р зытетэу «Универсальнэ электрон картэхэм якъыдэгъэкIынкIэ, яIэкIэгъэхьанкIэ ыкIи ягъэфедэнкIэ Iофыгъо заулэмэ яхьылIагъ» зыфиIорэм ия 2-рэ статья адиштэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет **унашъо ешIы:**

1. Универсальнэ электрон картэм идубликат къазэраратыщт шIыкIэр гуадзэм диштэу ухэсыгъэнэу.

2. Универсальнэ электрон картэм идубликат пае сомэ 650-рэ атынэу гъэнэфэгъэнэу.

3. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу*
*КЪУМПIЫЛ Мурат*

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 2, 2015-рэ илъэс
N 121

*Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2015-рэ илъэсым мэкъуогъум и 2-м ышIыгъэ унашъоу N 121-р зытетым игуадз*

## Универсальнэ электрон картэм идубликат зэраратырэ ШIыкIэр

1. Универсальнэ электрон картэм идубликат зэраратырэ шIыкIэр мыщ щыгъэнэфагъ.

2. Универсальнэ электрон картэм идубликат къаратыным пае Урысые Федерацием экономикэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым бэдзэогъум и 22-м ышIыгъэ унашъоу N 363-р зытетэу «Универсальнэ электрон картэ къаратыным зыщыкIэлъэIухэрэ тхылъым нэмыкI къэбархэу итын фаехэм ыкIи универсальнэ электрон картэ къаратынымкIэ лъэIу тхылъыр зэрэзэхэгъэуцогъэн фаем яхьылIагъ» зыфиIорэм зэрэщыгъэнэфагъэ шIыкIэм тетэу зэхэгъэуцогъэ лъэIу тхылъыр Адыгэ Республикэм икъэралыгъо бюджет учреждениеу «Къэралыгъо, муниципальнэ фэIо-фашIэхэр зыгъэцэкIэрэ Гупчэм» (ыужкIэ уполномоченнэ организациер тIозэ дгъэкIощт) рахьылIэ.

3. Мы ШIыкIэм ия 2-рэ пункт зигугъу къышIырэ лъэIу тхылъыр Адыгэ Республикэм информатизациемкIэ и ГъэIорышIапIэ 2013-рэ илъэсым мэзаем и 18-м ышIыгъэ унашъоу N 5-р зытетэу «Универсальнэ электрон картэ къаратыным пае лъэIу тхылъыр зэраIэкIагъэхьэрэ шIыкIэр ухэсыгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм зэрэщыгъэнэфагъэ шIыкIэм диштэу арахьылIэ.

4. Цыфыр зышыщыр къэзыушыхьатырэ тхылъыр IэубытыпIэ къызыфишIызэ, уполномоченнэ организацием зигугъу къэтшIыгъэ картэм идубликат аретыжьы лъэIу тхылъыр къызыIэкIэхьэгъэ нэуж мазэм къыкIоцI.

# Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкIэхэмкIэ и Комитет иунашъу

**Къэралыгъо фэIо-фашIэу «Амыгъэкощырэ мылъкоу къэралыгъо мылъкум хахьэхэу бэджэндэу аратынэу щытхэм яхьылIэгъэ къэбархэр аIэкIэгъэхьэгъэнхэр» зыфиIорэр гъэцэкIэгъэнымкIэ Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкIэхэмкIэ и Комитет и Административнэ регламент зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Хэбзэгъэуцугъэм диштэу гъэпсыжьыгъэным фэшI **унашъо сэшIы:**

1. Мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1.1. Къэралыгъо фэIо-фашIэу «Амыгъэкощырэ мылъкоу къэралыгъо мылъкум хахьэхэу бэджэндэу аратынэу щытхэм яхьылIэгъэ къэбархэр аIэкIэгъэхьэгъэнхэр» зыфиIорэр гъэцэкIэгъэнымкIэ Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкIэхэмкIэ и Комитет и Административнэ регламентэу 2013-рэ илъэсым Iоныгъом и 16-м аштэгъэ унашъоу N 191-р зытетымкIэ аухэсыгъэм:

а) я V-рэ разделым ия 5.3-рэ пункт иподпунктэу «в»-р мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«в) гъэцэкIэкIо хабзэм ифедеральнэ къулыкъухэм ыкIи ахэм IэнатIэхэр ащызыIыгъхэм, федеральнэ къэралыгъо къулыкъушIэхэм, Урысые Федерацием икъэралыгъо мыбюджет фондхэм, атомнэ энергиемкIэ Къэралыгъо корпорациеу «Росатом» зыфиIорэм ыкIи ащ щылажьэхэрэм яунашъохэмкIэ ыкIи зэрэзекIуагъэхэмкIэ (зи зэрамышIагъэмкIэ) дэо тхылъхэр зэрэIэкIагъахьэхэрэ ыкIи ахэм зэрахэплъэхэрэ ШIыкIэу Урысые Федерацием и Правительствэ 2012-рэ илъэсым шышъхьэIум и 16-м ыштэгъэ унашъоу N 840-р зытетымкIэ аухэсыгъэм диштэу а зы нэбгырэм тхьаусыхэ тхылъэу ыпэкIэ къаIэкIигъэхьэгъагъэм фэдэмкIэ унашъо аштэгъахэ зыхъукIэ.»;

б) я II-рэ разделым ия 2.28-рэ пункт я 2.27-рэ пунктэу, ия 2.29-рэ пункт я 2.28-рэ пунктэу лъытэгъэнхэу.

2. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъысфынэу сшъхьэкIэ зыфэсэгъазэ.

*Комитетым итхьаматэ игуадзэу*
*М. Р. МЭКЪУАУ*

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 4, 2015-рэ илъэс
N 129

# Адыгэ Республикэм и ЛІышъхьэ и Указ

**Адыгэ Республикэм и ЛІышъхьэ 2012-рэ илъэсым Іоныгъом и 3-м ышІыгъэ Указэу N 176-р зытетэу «ЗэшэкІонхэ фит псэушъхьэ лъэпкъхэм, Адыгэ Республикэм ичІыпІэхэм, федеральнэ мэхьанэ зиІэ чІыопс чІыпІэхэу лъэшэу къагъэгъунэхэрэр ахэмытхэу, ащышэкІонхэ зэралъэкІыщтым яхьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

2009-рэ илъэсым бэдзэогъум и 24-м аштэгъэ Федеральнэ законэу N 209-р зытетэу «ШэкІоным, зэшэкІонхэ алъэкІыщт псэушъхьэм пчъагъэр къызэтегъэнэжьыгъэным ыкІи Урысые Федерацием изаконодательнэ акт заулэмэ зэхъокІыныгъэхэр афэшІыгъэнхэм яхьылІагъ» зыфиІорэм ия 12-рэ статья диштэу Іофхэр гъэпсыгъэнхэм фэшІ **унашъо сэшІы:**

1. 2012-рэ илъэсым Іоныгъом и 3-м Адыгэ Республикэм и ЛІышъхьэ ышІыгъэ Указэу N 176-р зытетэу «ЗэшэкІонхэ фит псэушъхьэ лъэпкъхэм, Адыгэ Республикэм ичІыпІэхэм, федеральнэ мэхьанэ зиІэ чІыопс чІыпІэхэу лъэшэу къагъэгъунэхэрэр ахэмытхэу, ащышэкІонхэ зэралъэкІыщтым яхьылІагъ» зыфиІорэм (Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэ зэхэугъоягъэхэр, 2012, N 9; 2013, N 2, 8; 2014, N 11) мыщ фэдэ зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэу:

1) гуадзэу N 1-м ия 5-рэ пункт хэт гущыІэу «гъэбэгъогъэнхэр» зыфиІорэр гущыІэу «хъугъэнхэр» зыфиІорэмкІэ зэблэхъугъэнэу;

2) гуадзэу N 2-м ия 2-рэ пункт хэт гущыІэу «гъэбэгъогъэнхэр» зыфиІорэр гущыІэу «хъугъэнхэр» зыфиІорэмкІэ зэблэхъугъэнэу.

2. ЗыкІатхэхэрэм щегъэжьагъэу мы Указым кІуачІэ иІэ мэхъу.

***Адыгэ Республикэм и ЛІышъхьэу***
***ТХЬАКІУЩЫНЭ Аслъан***

къ. Мыекъуапэ,
жъоныгъуакІэм и 12, 2015-рэ илъэс
N 59

---

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «НыбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъу Адыгэ Республикэм щягъэгъотыгъэным ехьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2015-рэ илъэсым жъоныгъуакІэм и 27-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «НыбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъу Адыгэ Республикэм щягъэгъотыгъэным ехьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу 2004-рэ илъэсым мэзаем и 18-м аштагъэу N 206-р зытетэу «НыбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъу Адыгэ Республикэм щягъэгъотыгъэным ехьылІагъ» зыфиІорэм (Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэ зэхэугъоягъэхэр, 2004, N 2; 2005, N 6) мыщ фэдэ зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэу:

1) Законым гущыІэхэу «А 1-рэ шъхьэр. Зэдагъэфедэрэ положениехэр», «Я 2-рэ шъхьэр. НыбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъу зэрарагъэгъотыщт лъэныкъо шъхьаІэхэр», «Я 3-рэ шъхьэр. КІэух положениехэр» зыфиІохэрэр хэгъэкІыжьыгъэнхэу;

2) а 1-рэ статьяр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«А 1-рэ статьяр. Мы Законым щагъэфедэрэ къэІуакІэхэр**

1. Мы Законым щагъэфедэрэ къэІуакІэхэм мыщ фэдэ мэхьанэхэр яІ:

«1) ныбжьыкІэхэм къахиубытэхэрэр зыныбжь илъэс 30-м шъхьадэмыкІыгъэхэр ары;

2) шІэныгъэлэжь ныбжьыкІэкІэ алъытэрэр илъэс 35-м нэс шІэныгъэхэмкІэ кандидат, илъэс 40-м нэс шІэныгъэхэмкІэ доктор хъугъэр ары;

3) Адыгэ Республикэм иныбжьыкІэхэм, иныбжьыкІэ, икІэлэцІыкІу общественнэ объединениехэм къэралыгъо ІэпыІэгъу арагъэгъотызэ, федеральнэ хэбзэгъэуцугъэмрэ ныбжьыкІэхэм афэгъэхьыгъэ къэралыгъо политикэм ылъэныкъокІэ Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэрэ адиштэу Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ икъулыкъухэм Іофтхьэбзэ гъэнэфагъэхэр зэрахьэх ащ фэдэ объединениехэм яправовой, яэкономикэ лъапсэхэр зэхэщэгъэнхэм, ахэм яфитыныгъэхэр къэухъумэгъэнхэм фэшІ;

4) ныбжьыкІэхэм атегъэпсыхьэгъэ социальнэ инфраструктурэм къыхиубытэхэрэр ныбжьыкІэхэм афэгъэхьыгъэ къэралыгъо политикэр гъэцэкІэгъэнымкІэ ищыкІэгъэ унэхэр, псэуалъэхэр, къэралыгъо ыкІи нэмыкІ организациехэу ныбжьыкІэхэм япсауныгъэ икъэухъумэн, ахэм гъэсэныгъэ ягъэгъотыгъэным, ясоциальнэ фэІо-фашІэхэр гъэцэкІэгъэнхэм, апкъышъол псыхьагъэу, цІыфыгъэ шэпхъэ лъагэхэм арыгъуазэхэу ахэр пІугъэнхэм, ІофшІэпІэ чІыпІэ ягъэгъотыгъэным ыкІи обществэм яфэшъошэ чІыпІэ щаубытыным афэгъэзагъэхэр ары.

2. Мы Законым къыхэфэрэ нэмыкІ къэІуакІэхэр 1995-рэ илъэсым мэкъуогъум и 28-м аштэгъэ Федеральнэ законэу N 98-р зытетэу «НыбжьыкІэ, кІэлэцІыкІу общественнэ объединениехэм къэралыгъо ІэпыІэгъу ятыгъэным ехьылІагъ» зыфиІорэм щыряІэ мэхьанэхэм афэдэхэр яІэхэу агъэфедэх.»;

3) я 2-рэ статьям кІуачІэ имыІэжьэу лъытэгъэнэу;

4) я 4 — 5-рэ статьяхэр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«Я 4-рэ статьяр. НыбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъу зэрарагъэгъотырэ лъэныкъо шъхьаІэхэр**

НыбжьыкІэхэм мыщ фэдэ лъэныкъохэмкІэ къэралыгъо ІэпыІэгъу арагъэгъоты:

1) ныбжьыкІэхэм ашъхьэ аІыгъыжьынымкІэ, лэжьэнхэмкІэ фитыныгъэу яІэхэр къыдэлъытэгъэнхэр;

2) научнэ, творческэ, инновационнэ ІофшІэнымкІэ ныбжьыкІэхэм ІэпыІэгъу ятыгъэныр;

3) ныбжьыкІэхэр апкъышъолкІи, яакъылкІи псыхьэгъэнхэм иамал зехьэгъэныр;

4) ныбжьыкІэхэм япсауныгъэ гъэпытэгъэныр, языгъэпсэфыгъо уахътэ тэрэзэу зэхэщэгъэныр;

5) ныбжьыкІэ, кІэлэцІыкІу общественнэ объединениехэм ІэпыІэгъу афэхъугъэныр.

**Я 5-рэ статьяр. НыбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъоу аратыщтым пэІухьэрэ мылъкур къызыхэкІыщтыр**

Адыгэ Республикэм икъэралыгъо программэхэр агъэцакІэхэзэ, ныбжьыкІэхэм къэралыгъо ІэпыІэгъоу аратыщтым пэІухьэрэ мылъкур Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыхэкІыщт.»;

5) я 6 — 8-рэ статьяхэм кІуачІэ ямыІэжьэу лъытэгъэнэу;

6) я 9-рэ статьям:

а) ия 3-рэ пункт кІуачІэ имыІэжьэу лъытэгъэнэу;

б) я 4-рэ пунктыр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«4) зэчый зиІэ ныбжьыкІэхэм стипендиехэр, премиехэр, ахъщэ шІухьафтынхэр афэгъэнэфэгъэнхэр.»;

7) я 10-рэ статьям:

а) ия 3-рэ пункт гущыІэхэу «(Іэтахъохэри ахэм ахэтхэу)» зыфиІохэрэр хэгъэкІыжьыгъэнхэу;

б) я 5-рэ пунктыр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«5) Хэгъэгур къэзыухъумэзэ фэхыгъэхэм ацІэ егъэшІэрэу цІыфхэм къахэгъэнэжьыгъэныр;»;

в) я 6-рэ пунктым гущыІэхэу «ныбжьыкІэхэм афэгъэхьыгъэ политикэм ылъэныкъокІэ хэбзэгъэуцугъэр зэхэфыгъэныр ыкІи хэбзэ икъу ащ хэлъхьэгъэныр» зыфиІохэрэр хэгъэкІыжьыгъэнхэу;

г) я 7-рэ пунктым кІуачІэ имыІэжьэу лъытэгъэнэу;

д) я 8-рэ пунктым гущыІэхэу «федеральнэ хэбзэгъэуцугъэмрэ Адыгэ Республикэм ихэбзэгъэуцугъэрэ адиштэу» зыфиІохэрэр хэгъэхъогъэнхэу;

8) я 11-рэ статьяр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«Я 11-рэ статьяр. НыбжьыкІэхэм языгъэпсэфыгъо уахътэ тэрэзэу зэхэщэгъэныр ыкІи япсауныгъэ гъэпытэгъэныр**

ІофшІэным ыкІи социальнэ хэхъоныгъэм алъэныкъокІэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иуполномоченнэ гъэцэкІэкІо къулыкъу ныбжьыкІэхэм ягъэпсэфыгъо уахътэ зэхещэ, япсауныгъэ гъэпытэгъэным ынаІэ тырегъэты, чэзыу-чэзыоу ыкІи илъэс псаум къыкІоцІ ащ фэдэ Іофтхьабзэхэр зэрахьэх.»;

9) я 12-рэ статьям ия 3-рэ Іахь хэт гущыІэхэу «Адыгэ Республикэм игъэцэкІэкІо хабзэ иуполномоченнэ къулыкъу гъэнэфагъэ» зыфиІохэрэр гущыІэхэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо хабзэ иуполномоченнэ гъэцэкІэкІо къулыкъу» зыфиІохэрэмкІэ зэблэхъугъэнхэу;

10) я 13-рэ статьям кІуачІэ имыІэжьэу лъытэгъэнэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кІуачІэ иІэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ нэуж мафи 10 зытешІэкІэ мы Законым кІуачІэ иІэ мэхъу.

***Адыгэ Республикэм и ЛІышъхьэу***
***ТХЬАКІУЩЫНЭ Аслъан***

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 3, 2015-рэ илъэс
N 416

---

# Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкІэхэмкІэ и Комитет иунашъу

**Къэралыгъо фэІо-фашІэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо мылъку иреестрэ къыхатхыкІыгъэхэр аІэкІэгъэхьэгъэнхэр» зыфиІорэр гъэцэкІэгъэнымкІэ Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкІэхэмкІэ и Комитет и Административнэ регламент зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Хэбзэгъэуцугъэм диштэу гъэпсыжьыгъэным фэшІ **унашъо сэшІы:**

1. Мыщ фэдэ зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэу:

Къэралыгъо фэІо-фашІэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо мылъку иреестрэ къыхатхыкІыгъэхэр аІэкІэгъэхьэгъэнхэр» зыфиІорэр гъэцэкІэгъэнымкІэ Адыгэ Республикэм мылъку зэфыщытыкІэхэмкІэ и Комитет и Административнэ регламентэу 2012-рэ илъэсым Іоныгъом и 21-м аштэгъэ унашъоу N 191-р зытетымкІэ аухэсыгъэм:

а) я V-рэ разделым ия 5.7-рэ пункт мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«5.7 Къэралыгъо хабзэм игъэцэкІэкІо къулыкъухэу ыкІи ІэнатІэхэр зыІыгъхэу хьыкумым Іофыр нэмысызэ дэо тхылъкІэ зызыфагъэзэн алъэкІыщтхэр. Комитетым, ащ ІэнатІэхэр щызыІыгъхэм яунашъохэмкІэ ыкІи ахэр зэрэзекІуагъэхэмкІэ (зи зэрамышІагъэмкІэ) ятхьаусыхылІэнхэ алъэкІыщт:

Комитетым иІофышІэхэм яунашъохэмкІэ — Комитетым итхьаматэ;

Комитетым итхьаматэ иунашъокІэ — Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэ ыцІэкІэ тхыгъэ тхьаусыхэ тхылъ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет ІэкІагъэхьан алъэкІыщт.»;

б) я V-рэ разделым ия 5.4-рэ пункт иподпунктэу «в»-р мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«в) гъэцэкІэкІо хабзэм ифедеральнэ къулыкъухэм ыкІи ахэм ІэнатІэхэр ащызыІыгъхэм, федеральнэ къэралыгъо къулыкъушІэхэм, Урысые Федерацием икъэралыгъо мыбюджет фондхэм, атомнэ энергиемкІэ Къэралыгъо корпорациеу «Росатом» зыфиІорэм ыкІи ащ щылажьэхэрэм яунашъохэмкІэ ыкІи зэрэзекІуагъэхэмкІэ (зи зэрамышІагъэмкІэ) дэо тхылъхэр зэрэІэкІагъахьэхэрэ ыкІи ахэм зэрахэплъэхэрэ ШІыкІэу Урысые Федерацием и Правительствэ 2012-рэ илъэсым шышъхьэІум и 16-м ыштэгъэ унашъоу N 840-р зытетымкІэ аухэсыгъэм диштэу а зы нэбгырэм тхьаусыхэ тхылъэу ыпэкІэ къаІэкІигъэхьэгъагъэм фэдэмкІэ унашъо аштэгъахэ зыхъукІэ.».

2. Мы унашъор зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъысфынэу сшъхьэкІэ зыфэсэгъазэ.

***Комитетым итхьаматэ игуадзэу М.Р. МЭКЪУАУ***

къ. Мыекъуапэ,
мэкъуогъум и 5, 2015-рэ илъэс
N 131

ХЭКУЖЪЫМ КЪЭЗЫГЪЭЗЭЖЬЫГЪЭМЭ Я МАФ

# Концертыр гъэшІэгъоныщт

**Тиреспубликэ иобщественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» игъэцэкІэкІо куп изэІухыгъэ зэхэсыгъо Хэкужъым къэзыгъэзэжьыгъэ тилъэпкъэгъухэм яІофыгъохэр зэрэлъыкІуатэхэрэм, шышъхьэІум и 1-м мэфэкІ пчыхьэзэхахьэр Адыгеим и Къэралыгъо филармоние зэрэщыкІощтым щытегущыІагъэх.**

Адыгэ Хасэм итхьаматэу Бэгъушъэ Адамэ, ащ игуадзэу Хэкужъ Адамэ, Сирием къикІыжьыгъэ ЛІыбзыу Іусамэ, нэмыкІхэм къызэраІуагъэу, ІэкІыб хэгъэгухэм къарыкІыжьыгъэ тилъэпкъэгъухэм яфэІо-фашІэхэр гъэцэкІэгъэнхэм фэшІ общественнэ организациехэмрэ хабзэм икъулыкъушІэхэмрэ гъусэныгъэ зэдыряІэу Іофым зэрэпылъхэм шІуагъэ къеты.

Тилъэпкъэгъухэм ящыкІэгъэ тхылъхэр афагъэхьазырых. Водителэу ахэтыр нэбгыри 10-м къехъу. Адыгэ Республикэм лъэпкъ Іофхэмкіэ, ІэкІыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряІэ зэпхыныгъэхэмкІэ ыкІи къэбар жъугъэм иамалхэмкІэ и Комитет итхьаматэу Шъхьэлэхъо Аскэр къызэриІуагъэу, Хэкужъым къэзыгъэзэжьыгъэ адыгэмэ ямэфэкІ пчыхьэзэхахьэу Мыекъуапэ щыкІощтым фэгъэхьыгъэ нэрылъэгъу мэкъэгъэІухэр ашІыгъэх. Республикэм ирайонхэм ащ фэдэ тхыгъэхэр алъагъэІэсыгъэх. Пчыхьэзэхахьэм Югославием, Тыркуем, Сирием, Иорданием, Германием, Израиль, нэмыкІхэм къарыкІыжьыгъэ тилъэпкъэгъухэр щызэІукІэщтых. НэІуасэ зэрэзэфэхъухэрэм дакІоу, ятарихъ чІыгоу къызэкІужьыгъэхэм гупсэф щагъотынымкІэ упчІэжьэгъу зэфэхъущтых.

Сирием къикІыжьыгъэхэу водителэу Іоф зышІэ зышІоигъохэм ащыщхэм ящыкІэгъэ тхылъхэр мы мафэхэм агъэхьазырых. Урысыбзэр шэпхъэ хэхыгъэм диштэу зэрагъэшІэн зэрэфаер тилъэпкъэгъухэм араІуагъ, ащ уахътэу ыхьыщтыр бэп.

Республикэм лъэпкъ культурэмкІэ и Гупчэ ипащэу Къулэ Амэрбый мэфэкІ концертым изэхэщэн фэгъэзагъ. Пчыхьэзэхахьэр гъэшІэгъон хъущтэу ащ ылъытагъ. ІэкІыбым къикІыжьыгъэ тилъэпкъэгъухэм орэдхэр къаІощтых, уджыщтых, Адыгеим иартистхэри хэлэжьэщтых. Адыгэ джэгукІэ пчыхьэзэхахьэр аухыщт. Анахь дахэу къэшъуагъэхэм нэпэеплъ шІухьафтынхэр афашІыщтых.

Лъэпкъ Іофыгъоу къаІэтыгъэхэм ЦІыкІушъэ Аслъан, СтІашъу Юр, ЛІышэ Хьалимэт, Нэхэе Аслъан, Чэтыжъ Аслъан, нэмыкІхэри къатегущыІагъэх.

ШышъхьэІум и 1-м пчыхьэм сыхьатыр 6-м филармонием щырагъэжьэщт концертым еплъынхэу искусствэр зикІасэхэр къырагъэблагъэх.

ТИШЭН-ХАБЗЭХЭМРЭ ЗЫГЪЭПСЭФЫГЪО УАХЪТЭМРЭ

# Адыгэ джэгум шъукъеблагъэх



**Мыекъопэ къэлэ зыгъэпсэфыпІэ паркым мэфэку къэс адыгэ джэгу щызэхащэ. Ащ кІэщакІо фэхъугъэмэ ащыщ КъумпІыл ТІахьир. НыбжьыкІэхэм ямызакъоу, лъэпкъ гупшысэр щыІэныгъэм щыпхырыщыгъэным пылъхэр зэхахьэм хэлажьэх.**

Адыгэ шъошэ шІуцІэр къекІоу, зэкІужьэу зыщыгъ КъумпІыл ТІахьир лъэпкъ къашъоу «зэфакІор», ІэкІыб хэгъэгумэ къарахыжьыгъэ тикъашъохэр дахэу къешІых. Джэгум къэкІогъэ пшъашъэхэри купышхо хъухэу щытых, гъатхэм ижьы ор къабзэ дырагъаштэу фэпагъэх. КІалэм зэкІэ пшъашъэхэр къыдашъохэ ашІоигъоу пчэгум янэплъэгъу къырадзэ...

Адыгэ къэралыгъо университетыр къэзыухыгъэ Бэгъэдыр Артур лъэпкъ пчыхьэзэхахьэхэм бэрэ ащытэлъэгъу. Джэгум ар ихьатыякІошъ, нэгушІоу цІыфхэм къахэплъэ, къэшъоштхэр къырегъэблагъэх. Пчэгум щыуджыхэрэр дахэу фэпэгъэнхэ фаеу, тутын ешъохэрэр благъэу къямыкІолІэнхэу Артур къареІо.

Пщынэо ныбжьыкІэу Шэуджэн Адамэ пщынэр егъэбзэрабзэ. Орэдышъоу ыгъэжъынчырэм кІалэхэри, пшъашъэхэри дежъыух.

«ЗэфакІор», «Лезгинкэр», «ХьакІулащэр», «Лъэпэрышъор», нэмыкІ къашъохэр тэлъэгъух. Пчэгум къичэразэ зышІоигъохэр ячэзыу ежэх. «Ислъамыер» къэшъо къызэрыкІоп, пчэгушхом къыщыпшІыныр къин. Ар ныбжьыкІэмэ зыдашІэжьызэ, орэдышъор пщынаом къыригъэІонэу хьатыякІом къелъэІух. Урыс кІалэр пчэгум къихьи, адыгэ пшъашъэр игъусэу «Ислъамые» къашъор дахэу къызэрашІыгъэр сыдым ымыуаса?! Джэгум хэлажьэхэрэр ныбжьыкІэхэм бэрэ Іэгу афытеуагъэх.

Дунэе Адыгэ Хасэм игъэцэкІэкІо куп хэтэу МэщфэшІу Нэдждэт джэгум изэхэщакІохэм гущыІэгъу афэхъугъ. Лъэпкъ шэн-хабзэхэр нахьышІоу зехьэгъэнхэм фэшІ Адыгэ Хасэмрэ джэгум изэхэщакІо купрэ тапэкІи Іоф зэдашІэщт.

— Загъэпсэф къодыерэп, нэІуасэ зэфэхъух, адыгэ къэшъуакІэхэр, шэн-хабзэхэр нахьышІоу зэрагъашІэх, — къытаІуагъ КъумпІыл ТІахьирэрэ Бэгъэдыр Артуррэ. — Адыгэхэр, урысхэр, Кавказым ис лъэпкъхэр тиджэгу зэфещэх, зэдэуджых.

Пчыхьэзэхахьэр кІэухым фэкІуагъэу полицием икъулыкъушІэхэр рэхьатныгъэм икъэухъумэн зэрэпылъыгъэхэм тыкІэупчІагъ. Зы нэбгыри ешъуагъэу, мыхъомышІэхэр зэрихьэхэу, дысэу гущыІэу амылъэгъугъэу къытаІуагъ. Адыгэ джэгур зэхэхьэ дахэу алъытагъ.

Мэфэку къэс пчыхьэм сыхьатыр 7-м адыгэ джэгур зыгъэпсэфыпІэ паркым щаублэ. ЗэхэщакІохэм искусствэр зикІасэхэр, гум щизэу зызыгъэпсэфы, ныбджэгъукІэхэр зэзыгъэгъоты зышІоигъохэр рагъэблагъэх.

СПОРТЫМ ЩЫЩІЭРЫІОХЭР

# ЛІыгъэр ишапхъ



ЦІыкІу Рэмэзанэ азыфагу ит.

**Адыгэкъалэ ия 3-рэ гурыт еджапІэ ия 11-рэ класс иеджакІоу ЦІыкІу Рэмэзанэ Европэм иныбжьыкІэхэм самбэмкІэ язэнэкъокъу дышъэ медалыр къыщыфагъэшъошагъ. Урысыем икІэлэеджакІохэм яспартакиадэ апэрэ чІыпІэр къыщихьыгъ.**

— ЯтІонэрэ классым къыщегъэжьагъэу самбэмкІэ сэбанэ, — къытиІуагъ ЦІыкІу Рэмэзан. — ФизкультурэмкІэ тикІэлэегъаджэу ТІэшъу Нурдин, тренерэу Шъэумэн Байзэт, спортымкІэ типащэхэм, зэкІэ ІэпыІэгъу къытфэхъухэрэм «тхьашъуегъэпсэу» ясІожьы сшІоигъу. Медальхэр сэ сизакъоу сиехэп...

— Килограмм 50-м нэс къэзыщэчырэмэ якуп ЦІыкІу Рэмэзанэ щэбанэ, — къеІуатэ Адыгэ Республикэм самбэмкІэ икІэлэцІыкІу-ныбжьыкІэ спорт еджапІэ ипащэу Делэкъо Адамэ. — ЛІыгъэр инэшанэу зэІукІэгъумэ ахэлажьэ.

Мэфэ заулэкІэ узэкІэІэбэжьмэ, Урысыем испартакиадэу Ермэлхьаблэ щыкІуагъэм ЦІыкІу Рэмэзанэ щыбанэзэ, финалныкъом нэсыгъэу шъобж къытыращагъ. Нарт шъаор ащ пае къэщтагъэп, тренерхэм ялъэІуи зэнэкъокъур лъигъэкІотагъ. Финалныкъори, дышъэ медалым фэгъэхьыгъэ зэІукІэгъури Р. ЦІыкІум «къабзэу» къыхьыгъэх, хэгъэгум идышъэ медаль къыдихыгъ.

Европэм изэнэкъокъу Рэмэзанэ зыхэлажьэм, илъэси 2-кІэ нахьыжъхэм ябэныгъ. Адыгэкъалэ икІэлэцІыкІу-ныбжьыкІэ спорт еджапІэ идиректорэу, Адыгеим изаслуженнэ тренерэу Чэтыжъ Алый зэрилъытэрэмкІэ, самбэмкІи, дзюдомкІи Р. ЦІыкІур дэгъоу бэнэн ылъэкІыщт, Олимпиадэ джэгунхэм ахэлэжьэн имурад.

Тиреспубликэ иобщественнэ движениеу «Адыгэ Хасэм» Р. ЦІыкІур рагъэблагъи, къыщыфэгушІуагъэх. Къуижъ Къэплъанрэ МэщфэшІу Нэджджэтрэ зэрэхагъэунэфыкІыгъэу, Адыгеим самбэмкІи, дзюдомкІи Европэм, дунаим ячемпионхэр иІэх. Гъэхъагъэу тиІэр ЦІыкІу Рэмэзанэ фэдэ батырхэм лъагъэкІотэн алъэкІыщт.

Р. ЦІыкІур зэнэкъокъумэ ахэлэжьэнэу гъогу техьэ зыхъукІэ, адыгэ быракъыр, республикэм икъэралыгъо гъэпсыкІэ епхыгъэ нэпэеплъ тамыгъэхэр зыдештэх. Спортым ныбджэгъубэ щыриІ. Европэм идышъэ медаль къыдихыгъэу Краснодар къызынэсыжьым, нэбгырипшІ пчъагъэ чэщым щыпэгъокІыгъагъ, адыгэ джэгушхо аэропортым щыфашІыгъагъ. Ащ фэдэ зэІукІэгъухэр спортсменхэм, тренерхэм егъашІи ащыгъупшэжьыщтхэп. Спортышхом медалэу къыщахьыхэрэр республикэм фагъэхьых.

Опсэу, Рэмэзан. Спортышхом гъэхъагъэхэр щыпшІынхэу, уимурадхэр къыбдэхъунхэу пфэтэІо.

*НэкІубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТІЫЛЪ Нурбый.*

**Зэхэзыщагъэр ыкІи къыдэзыгъэкІырэр:**
Адыгэ Республикэм лъэпкъ ІофхэмкІэ, ІэкІыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряІэ зэпхыныгъэхэмкІэ ыкІи къэбар жъугъэм иамалхэмкІэ и Комитет
Адресыр: ур. Крестьянскэр, 236

**Редакциер зыдэщыІэр:**
385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.
**Телефонхэр:**
приемнэр: 52-16-79,
редактор шъхьаІэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44,
редактор гуадзэр-пшъэдэкІыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.
**E-mail:** adygvoice@mail.ru

**Зыщаушыхьатыгъэр:**
Урысые Федерацием хэутын ІофхэмкІэ, телерадиокъэтынхэмкІэ ыкІи зэлъыІэсыкІэ амалхэмкІэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чІыпІэ гъэІорышІапІ, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №ТУ23-00916**

**Зыщыхаутырэр**
ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**ЗэкІэмкІи пчъагъэр 3250**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 809**

Хэутыным узщыкІэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкІэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00

Редактор шъхьаІэм ипшъэрылъхэр зыгъэцакІэрэр редактор шъхьаІэм иапэрэ гуадзэу
**МэщлІэкъо Саид**

Редактор шъхьаІэм игуадзэр — пшъэдэкІыжь зыхьырэ секретарыр
**Хъурмэ Хъусен**